taen toeĕstoe, inggih dateng padoeka, kawoela sampoen saĝekti, anaenoewoen dateng rabila-lamina. (75) Lawan pangèstoe padoeka, toepa-ngabira Djeng Nabi Moechamadin sil moes-tapa, bendjing propta ngalam toeĝi, kawoe-la kang roemijin, lawan ing margi poenikoe, oetami ingkang wijar, lawan gaeman toenging takdir, kang kosesa lan tabar mangsa ta-taněsta. (76) Nawoeng kantam sa hoetama, kang tobar poenika oegi, opan ~~katjo~~ katah tjarijos-nja, lan mindak amalnja jekti, jěn kaleresan oegi, lawan pitoe l Hijang agaeng, opan kawoela nedijo, angawoela těkèng ngakir, anjěnjěti ing-gih dateng padoeka. (77) Padoeka jăen njoepet kar-sa, lan rila hoekoeming Widdi, pan inggih mang-sa wandeja, namaeng kantam saaedami, jekti wirang doenjěki, jěn lan iwah nijatipoen, da-dos ngalam sadaja, taer tampoe tjabaning Wid-di, pan sadaja sih noegrahaning Hijang Soeks-ma. (78) Apan kawoela poenika, marma poeroen mataer jekti, roemijin saking padoeka, inggih ingkang memedjangi, noewoen laemang koeng oegi, bilih kasoepĕn poekoeloen, Djěng Sangran doek mijarsa, marang ataering kang raji, da-

deja mèsem lir sinapan soengkowa njo.[79] Sang-
retna sinamboet sigro, Kangdjeng Pangran ngandi-
koris, adoeh mas mirah bendara, kang pinda'im-
ken ing ngoekir, pitoeroen saking swargi, noegra-
hanira Hijang agoeng, moestikaning wanoedjo,
sadanah Djawa poenika, tamboeh-tamboeh nah
anggèr soen rasakena.[80] Sajekti jèn bener sira,
banget kalalèn kang abdi, kang iman oepama
soerjo, ati oepamané angin, tjoba rentjana iki,
apan anglir mega mendoeng, kang djasmani
koe doewé, kajo oepamané boemi, ija lamoen ora
katibanan oedan.[81] Paran margané toekoela,
sagoeng widji kang nèng boemi, pan ngalam-
betjik bendara, jé koe oepamané widji, marma
ing kang djasmani, bisa ngoempoel imani-
poen, lan ati kateloengo, ikoe woeboeh dadi wi-
dji, ija déné sababé ing kang panrima.[82] Te-
gesé ing kang panrima, toekoelé sakèhing wi-
dji, lamoen nara mangkonaa, tanpa paédah
wong oerip, wong anèng donja iki, mas mirah
oetamikoe, kang gedé tjobanira, nging lawan
noegraha djati, jèn koewawa jé koe kakasih
Hijang Soeksma.[83] Kalamoen datan koewawa,
kang widji bèsoek oepama, pan datan toewoeh-

p. 96

sadajo, dadi tama wong ngaoerip, angoer doek
kola baji, matia woes tan étoeng, nah anggèr
kang oetama, pan papat dadi sawidji, ngalam
ngèlmoe ngalam makloem apan noenggal.
(84) Dan nadjoe ingsoen bendara, ana noegraha-
ning Widdi, èling tjoba soka sira, mèh kelalèn
ingsoen Gaesti, enengena tan winarni, Njòjoe-
gijo ingkang winoewoes, Kangdjeng Pangèran
ika, Mangkoe boemi apan maksih, pan pinar-
di menggah tjopira kang poetra. (85) Baronsil-
wies tan narima, nering kang etjop tiga sa-
mi, kedah neda djang kepira, sakawan mak-
sih angoedi, mangkana oedjarnèki, nadijan
tan anaha ikoe, kang teloe ikoe ija, jèn ana
ingkang sawidji, ikoe baé Pangèran Dipa-
nagara. (86) Dèné kang kateloe ika, ija tjop
ingkang sawidji, mapan tan kena mandjing,
kang daewé bandar sadaroem, pasti kana-
wèh ingwang, dadijo Pangran Mangkoeboemi,
tedak marang Tegal ardja, mangkana ingkang
winarni, Kangdjèng Pangran marengi, lenggah
anèng balé kentjoer, pan lagijo kinèn matjo,
Rojoenawidjojo iki, pan kinarja anglipoer
roedjiting drija. (88) Ingkang abdi kalih-

verse 87 ommitted p. 97

(87) Sabab tan saged balak, dadja Pangran Mangkoeboemi, tedak marang Tegal Redja, mangkana ingkang winarni kangdjeng Pangèran marangi, lenggah aneng Balikè

ika. Dijan Wirjodikoesoema ki, kang sawidji namanira, Mas Sostrawinangoen iki, Djeng Pangran Mangkoeboemi, sareng rawoeh sigra noesoel, doemateng Silaradja, panggih kalenggahan sami, Balikentjoer Kangdjeng Pangéran ngandika..

(89) Koeloep marma ingsoen prapta, atoetoer soesahing nagri, doewit bandar ara kena, soen djaloek lan bakjoe iki, lawan adinirèki, Ratoe Kantjana tjòp teloe, koedoe djaloek tjòpira, malah ingsoen den srengeni, mring Residèn paran mengko karsanira. (90) Djeng Pangran Dipanagara, esmoe doeka djroning galih, marma roemijin kawoela, datan poeroen dados wakil, kodijo berah oepami, awadé ing nama toehoe, salaminipoen dadijo, pan dèreng kawoela kardi, angetjopi namoeng sawg kaping tiga. (91) Poenika pan roedjapedjah, Kangdjeng Pangeran Mangkoeboemi, mapan aris angandika, kojo paran polah nèki, sanak-sanakirèki, padéné pra-

(87) [Javanese-script slip pasted over the bottom lines; partly visible words beside it: mesti … bandar … ga, lang- … ladjeng … anging-]





sadajo, dadi kama wong ngaoerip, angoer doek
kola baji, matia woes tan étoeng, nah anggèr
kang oetama, pan papat dadi sawidji, ngalam
ngelmoe ngalam makloem apan noenggal.
(84) Tan nadjoe ingsoen bendara, ana noegraha-
ning Widdi, éling tjoba soka sira, meh kelalèn
ingsoen Gaesti, enengena tan winarni. Njòjoe-
gijo ingkang winoewoes Kangdjeng Pangéran
ika, Mangkoe boemi apan maksih, pan pinar-
di menggah tjopira kang poetra. (85) Baronsil-
wies tan narima, nring kang etjap tiga sa-
mi, kedah neda djang kepira, sakawan mak-
sih angoedi, mangkana oedjarnèki, nadijan
tan anaka ikoe, kang teloe ikoe ija, jèn ana
ingkang sawidji, ikoe baé Pangéran Dipa-
nagara. (86) Déné kang kateloe ika, ija tjap
ingkang sawidji, mapan tan kena mandjing,
kang doewé bandar sadaroem, pasti tan a-
wèh ingwang, dadijo Pangran Mangkoeboemi,
tedak m[illegible]
winarni, [illegible]
anèng ba[illegible]
verse 37 ommitted Adjoenak[illegible]
p. 97 roedjitin[illegible]

(87) Sabao ra[illegible]
tedak ma[illegible]
kangdjeng Pangeran [illegible]

ika. Dijan Wirjadikoesoema ki, kang sawidji namanira, Mas Sostrawinangoen iki, Djeng Pangran Mangkoeboemi, sareng rawoeh sigra noesoel, soematoeng silaradja, panggih balenggahan sami,- Balikentjoer Kangdjeng Pangéran ngandika.-

(89) Koeloep marma ingsoen prapta, atoetoer soesahing nagri, doewit bandar ara kena, soen djaloek lan bakjoe iki, lawan adinirèki, Ratoe Kantjana tjap teloe, koedoe djaloek tjapira, malah ingsoen den srengeni, mring Residèn parannengko karsanira. (90) Djeng Pangran Dipanagara, èsmoe doeka djroning galih, marma roemijin kawoela, datan poeroen dados wakil, kodijo berah oepami, awadé ing nama toehoe, salaminipoen dadijo, pan dèrèng kawoela kardi, angetjapi namoeng sawiq kaping tiga. (91) Poenika pan radjapedjah, Kangdjeng Pangéran Mangkoeboemi, mapan aris angandika, kajo paran polah nèki, sanak-sanakirèki, padéné pradjoerit ikoe, ingkang pada balandjan, mesti pada soesah iki, lamoen ara doewit bandar maleboewa. (92) Djeng Pangran Dipanaga, langkoeng kèbran ing tijt nèki, mangkana ladjeng anemboh, marang kawirangan jekti, nanging-

njatun(?), pan lagja kiven maja, angdjun ap djaja iki, pan kinarja angsipung radjiting drija ]

gesang tijas nèki, mèsem ngandika aroem, kija-
hi mapan soemangga, nanging kawoela aseksi,
tjōp poenika mapan ladjeng koela boetjål. –
(93) Dados sampoen mantoen nama, kawoela Di-
panagari, Ngabdoel kamit nama koela, Kang-
djeng Pangran Ngangkoeboemi, ngandika èsmoe
adjrih, jé koeloep apa kersamoe, sapa kang
wani malang, pinoendoet etjap woes prapti,
ladjeng ngatoeraken doematang kang rama.
p. 98 (94) Kangdjeng Pangéran ngandika, meling poenika
kijai. kalamoen prakawis arta, sampoen mawi
koela malih, Djeng Pangran Ngangkoeboemi, mapan
angandika aroem, jo koeloep soen kadoega, pin-
ana prasanda iki, noelijo pamit koendoer pan-
woes tan winarna. (95) Kangdjeng Pangran ing tjas-
sira, sangsaja gesengirèki, kinarja panglipoer
tedak, daleme kang raji, Pangéran Soerjabrang-
ti, anjoepit ken poetranipoen, djenengi Kang-
djeng Pangran, ladjeng anjaré sawengi, mapan-
lenggah patamanan Soerjabrangtan. (96) Lan-
sagoeng pra poetri sanja, sadaloe tan arsa goe-
ling, aneng-aneng tjatoer ika, lawan kang é-
jang ngladosi, Raden ajoe poeniki, Danoekoesoe-
ma kang sepoeh, èndjing koendoer Djeng Pangran,

doemateng Togalardjèki. Sang Dijah Retna a-
metoek wonten taratag.[97] Sinamboet Sanglir
Soepraba, binekta mring tilam sari, Kang-
djeng Pangran noeli néndra, soepé salat dahar
iki, sadinten ngantos ratri, adrih moengoe
Sang retna joe, moeng tinengga kèbola, wan-
tji nira tengah wengi, noelijo dawah tonda-
bendoening Hijang Soeksma.[98] Hardi urapi
moeroep ika, anglir soendoel ing wijati, ka-
dija kebegan Ngajogijo, kang ngakasa da-
di geni, kang swara gigirissi, djoemegoer
lawan goemboedoeg, broma poting pantjoe-
rat, kalang koeng giris pan sami, ting koe-
dandang ngoepados pangoeng sen samijo.

„Dandanggoela"[99] Tamboeh-tamboeh-
kang samijo din oengsi, ing ngawijat lang-
koeng petengira, mang kana kang winarning
rèh, Djeng Pangran diring waoengoe, langkoeng
ètja denira goeling, Sang retna pan kewetan,
èsmoe maras ikoe, manawa tinilar séda,
mring kang roka arsa moengoe langkoeng
edjrih, moeng tinengga kèbola.[1] Sang koesoe-
ma mangkana tijas nèki, mas paos kendoe-
mateng kang roka, lamoen ladjing séda-

CANTO 20

p. 99.

mangké, moeng njipta béla ikoe, lochoe la-
moen tan nedijo kari, mangkana tan winoer-
na, Sang retnajoe, apa kagoengan parekan,-
langkoeng dennja sembranan tan pirsa a-
djrih, bok Boeang namanira. [2] Langkoeng
adjrih ningali wijati, lan soewara tamboeh
tolah ira, dadijo djerat- djerit boé, lawan pa-
rekan sagoeng, Goestinira kalianéki, maksih a-
neng djroning tilam, mangkana winoewoes, Kang-
djeng Pangran doek mijarsa, mring swaraning-
parekan sawijo andjerit, kagijat waengoe koe-
moelijo. [3] Aningali Sang lesmining poeri, leng-
gah sagan Djeng Pangran atanja, ana apata-
nah anggèr, Sang Dijah alon hoemoedoer, tan oe-
ninga kawoela bekti, pan dèrèng medal- medal,
Djeng Pangran noelijo koe, mijos akenkantin as-
ta, lan Sang retno mring palataran woes prap-
ki, ningali ing gagana. [4] Lamon hardi ing-
kang moeroep iki, lawan abahira kang bantalo,
mèsem Djeng Pangran galihé, kalawan hatoer-
ipoen, sagoeng para parekan sami, mapan a-
warna- warna, mangkana, noelija koe, Djeng
Pangran namboet Sang retna, pan bineksa
wangsoel marang tilam sari, doemoegèkken

kang karsa. (5) = Ri woesira Djeng Pangran noebija-
nit, nrimg Sang ratna koendoer Selaradja, mang-
kana tjaritane, ing Ngajoegijo poenikoe, pan-
kalangkoeng koewoer, tan ana tinambat-tam-
bat, moeng kang poetra Pangeran Dipanagari,
saben ana wang prapta. (6) Peladjengan pan-
tinarka iki, jen kang poetra Djeng Pangran kang p. 200
prapta, dadijo langkoeng tjoewa tijose, nging
Secretaris Aboe, lawan Pangran Amangkoeboe-
mi, de kri Radijan Dipatija, Dijan Najar poeni-
koe, Baron silwies ora ana, lagijo kesah, samana
ingkang winarni, sangetnjo tigang dina. (7) Kawar-
naha ingkang agoeng brangti, Kangdjeng Pa-
ngran aning selarodjo, woes tan kawarna ing-
tijose, aning doenja poenika, langkoeng denja
katoetoeh niki, mangkana ingkang winarna,
opanta panoedjoe, ing taoen Edal poenika, si-
rah tanggal woelan Ramlan anoedjani, ping sa-
likoer tanggalnjo. (8) Djeng Pangeran aning goe-
wa iki, paning Setjang oraning kang goewa, sa-
ben ing woelan Ramlane, mangkana kartani-
poen, Kangdjeng Pangran ngoedjalat iki, aning
sadjroning goewa, pan tan koendoer-koen-
doer, mangkana panoedjoe iko, lenggah aning-





sela gilang wastoeniki, anenggih ngambar mra-
ja. (9) Dan poenika lelangenan Sami, djroning
goewa minangka dalemnja, bèdji djroningko-
lahé, djrèdjès telaganipoen, ameroentjang soe-
moer oepami, widarakandang ika, pan pasa-
wanipoen, kari kang gamping tinarta, Kang-
djeng Pangran lijep-lijep kadijo goeling, mang-
kana noelija ana. (10) Wong sawidji prapta ngarsa-
niki, mapan sareng kalawan maroeta, sampoen
prapta ing ngarsané, ingkang pangaggé ikoe,
kang pinda lir pindah kadji, kagijat Kang-
djeng Pangeran, angandika aroem, ing soen tam-
boeh lawan sira, wong ing ngendi kang tinanja
saoer niki, kawoela tanpa wisma, (11) Prapta amba
ingoetoes nimbali, mring padoeka Djeng Pangran
ngandika, sapa kang kangkan arané, lan 7 ngen-
p101 di wismanipoen, wong poenika aris toer neké,-
pan inggih tanpa wisma, rat Djawi sadaroem,
poenika pinangka wisma, mangké samijo dji-
noeloekan Ratoe Adil, ingkang ngoetoes kawoe-
la. (12) Animbali mring padoeka jèkti, pan ing-
mangké djoemeneng poenika, sapoetjoek ing ngoe-
di mangké, saking ing ngriki ikoe, kidoel wé-
tan parnah ing ngardi, rosa moeni poenika.-

nging padoeka ikoe, tan kalilan bekta rèn-
tjang, dijo loemampah, Kangdjeng Pangéran hi-
ngiring, dateng tijang poenika. (13) Kadijo sam-
poen karsaning Hijang Widdi, Kangdjeng Pa-
ngran anoeroet kéwola, datan antara prapta-
ni, ngarsdoping ngardi ikoe, kang nimbali -
moesno tan kèksi, mangkana kang winarnà,
Ratoe Adil ikoe, djoemeneng poetjoeking ngae-
ga, reboet sarat lan Sang Hijang pradangga pa-
ti, dangoe soerem Hijang ngarka. (14) Kangdjeng
Pangran tan koewasa oening, aningali marang
kang wadana, Sang Ratoe Adil tjahané, kasar
Hijang ngarka tachoe, maung boesana awas ni-
ngali, Kangdjeng Pangran sadaja, idjem soer-
banipoen, arasoekan djabah sèta, lan tjala-
na sèta, ngagem abrit-abrit, ngalèr ngilèn a-
djengnja. (15) Pan djoemeneng nèng poetjoeking ngar-
di, maunggèng sela malénas kéwola, tan wan-
ten aoeb-adebé, pan soeket tan kadoeloe, resik
kadijo dipoen sapani, Kangdjeng Pangran anèng
ngandap, pan koemenga ikoe, ngidoel ngétan
adjengira Ratoe Adil noelijo angandika aris,
hèh Ngabdoel kamid sira. (16) Marmanira soen
timbali, wadijaningsoen kabèh sira doewa, ing

Djawa reboetan anggèr, lamoen ana wong ikoe,
atatakan marang sireki, noewolanira koeran,
kan galèki ikoe, Djeng Ngabdoelkamid atoer-
p. 102
nja, tamba noewoen sampoen tan koewawi djoe-
rit, lawan tan saget ika.[17] Aningali doema-
teng papatih, lawan malih roemijin kawoela,
sampoen nglampahi jektosé, pandamel wan-
ten langkoeng, inggih sami. Saniniung djam-
ni, Djeng Rasoel Adil ngandika, ora kena i-
koe, woes dadi kersaning Soekma, tanah Dja-
wa pinasti marang Hijang Widdi, kang dèwé
lakon sira.[18] Dasan ana ja maning-maning,
ri sawoesnjo kamepraek swaranjo, mapan a-
nglir oepamané, pan djang binanting watoe, noe-
lijo moesna kalijanèki, dadijo pan dasan ke-
na, sinarna paenikoe. mangkana mapan a-
noelija, pangraosnjo Kangdjeng Pangèran pri-
badi, ing kang djoemeneng harga.[19] Dasan o-
sah djoemenengirèki, ngalèr ngilen waoe a-
djengira, Djeng Pangéran langkoeng getoeni,
mijang paos djadjanipoen, kadijo konang-
pating karelip, mangkana kagijat noelija,
betjak-betjik ikoe, mapan lawan poetoet-
lawa, alak-alok samodro moerop poeniko,

lan goemloedoek kang swara. (20) Lan goemoe-
roeh lir ardi merapi, Kangdjeng Pangeran tedak
mios ika, toemoet aningali ogé, mapan woes
tan tjinatoer, bakda koendoer Djeng Pangeran
aglis, doemateng Tegalardja. mangkana winoe-
woes, nenggih nagri sajo katah, roebedanja
Ngajoegija, roewe ding nagri, ki Pangoeloe wi-
narna. (21) Pan soewola lan Raden Dipati,
Baron Silwies, woes ganti poenika, Semit-
paikoe arané, lan Secretaris ikoe, sampoen
salin ingkang genteni, Soewali jé poenika,
nenggih namanipoen, mangkana Raden Di-
patija, lawan kijai Pangoeloe keladjeng sami,
waoe gènja soelaja. (22) Woelan Ramlan ki Pa-
ngoeloe iké, gènnja bojang marang Tegalar-
dja, ambroek mring Pelaradjané, lawan ré-
repotipoen, neng pasowan Pelaradjèki, angen-
dih ingkang grija, Mas Kartadjajèkoe, Kang-
djeng Pangeran tan mirsa, pan marengi te-
dak goewa Setjang malih, samana sampoen
lama. (23) Ki Pangoeloe pan sinoeprih maelih,
nanging sampoen tan poeroen mantoeka, noe-
lija ginentenan mangké, ketib nginggahken
ikoe, Ketib Banom namanirèki, Djeng Pa-

p. 103





ngran tinoewoenan, idi datan ajoen, mangka-
na malih winarna, Kangdjeng Ratoe Ageng
pan soepening ratri, miring swara mangka-
na. [24] Ratoe Ageng Ratoe Kantjanaki, temok
ena lawan Walitka, wedar lar koelon wis-
mané, jèn tan kalakan, ikoe, pasti roesak
ing tanah Djawi, sen pandoes ranjawa-
nira, mangkana pan ikoe, ngantos djang-
kep kaping tiga, mapan samijo oedjaré kang
soewaréki, Djeng Ratoe langkoeng djrih ngo. -
[25] Sampoen tita tan salin swaréki, Kangdjeng
Ratoe angatoeri noelijo, Djeng Pangeran Mang-
koeboemine, prapta Kadatan sampoen, pang-
gih Kangdjeng Ratoe nabda ris, Pangeran -
paran karsa, kawoela nijoe sékoe, kang swa-
ra sadjroning néndra, ngantos djangkep ka-
ping tiga swara sami, tan mawi awah-awah.
[26] Poetra toean Ratoe Kantjanèki, mapan ki-
nèn inggih manggih ena, lan poetra sampé-
jan mangké, Pangran Dipanggrékoe, la-
mam boten kalakan posti, risaké tanah
Djawa, lan koela pinoendoet, oemoer ka-
woela nèng doenja, kados pandi kang da-
dos prajoginèki, kawoela pan soemangga.

p. 104

(27) Mesem Kangdjeng Pangran Mangkoeboemi, ris koerira pan lang koeng projaga, kalamaen adjeng pan tolé, jèn tan adjeng poenikoe, mapan mindok ngisin-isini, sinten poeraun-meksaha, Djeng Ratoe nabda roem, pan kados poendi Pangéran, boten wandé lamaen kawoela ngemasi, lan risak ing Ngajogjo.
(28) Kangdjeng Pangran alon atoer nèki, jèn marengi pan roji sampéjan, Dènajoe kaelakeng kené, jèn dangan gampil toehoe, jèn tan dangan tan anglingseni, pan anglir pagoedjengan, kémawan poenikoe, kawoela adjrih kolintang nring poen tolé, Djeng-~~Pangran Mangkoeboemi, oetoesan daumateng ing kang garwa~~, Ratoe ngandika aris, inggih sinten poeroena. (29) Noelijo Kangdjeng Pangran Mangkoeboemi, oetoesan daumateng ing kang garwa, Raden ajoe sepoeh mangké, mapan Dèn ajoe sepoeh, ing kang poeraun goedjengan iki, lawan Kangdjeng Pangéran, woes wineling ikoe, waoe daumateng kang roka, noelijo mangkat nring Tegal ardja woes prapti, panoedjoe Djeng Pangéran. (30) Lenggah lawan Sang resmining poeri, Raden Ajoe sepoeh mèsem soer-

rjo, poenika bok sepaminé, raji padoeka sachoe,
pinaringan rakit prajogi, kang samija sepoeh
ira, lawan ajoenipoen, lir Ratih lawan Soe-
probo, mindah déné remen kawoela ningal-
li, mèsem Kangdjeng Pangéran. (31) Gijo si-
nambeet ingkang rinda Ratih, pan sinan-
ding ing Goesti Sri Nata, mèsem Djeng Pa-
ngéran sabdané, mirahijo angalindoer, sa-
ré lawan alenggah iki, Dèn ajoe sepoeh mi-
jarsa, malerok basengoes, ladjeng bengis a-
ngandika, ngandikané olèhé sak manasaté;
wong lenggah djaré néndra. (32) Djeng Pangé-
p105
ran angandika aris, poendi kang mèmper
wonten kéwola, anglir Goesti nah ing anggèr,
noegrah aning Hijang agoeng, pan pitoeroen
saking swarga di, naoestikaning wanoedijo,
tanah Djawa sachoe, soemedak ing Tegal ar-
djo, pan ginandjaraken dateng koela jekti;
sara lamoen wandena. (33) Gih wanoedijo ing-
kang animbangi, Raden ajoe sepoeh bengis nab-
da, anamdak dèn papanas baé, gih sampoen
koela mantoek, noelijo kondoer waes san wi-
narni, samana kang winarna, Djeng Pangran
anoedjoe, sedak miring Kadatan ika, lan kang.

roma Pangéran Hamangkoebоemi, lenggoh-
bangsal kantjana. (34) Lan kang iboe Ratoe a-
geng iki, Kangdjeng Pangran pamit taowi ika,
mring Kadaton wétan ~~ika~~ mangké, doemateng
ingkang iboe, Ratoe Emas geroh sakedik, sa-
poengkoer njo Djeng Pangran, pirembagan i-
koe, Djeng Ratoe ageng kalawan, ingkang raji
Kangdjeng Pangran Mangkoeboemi, prakawis-
kang soepena. (35) Lamoen prapta poetranta sa-
mangkin, koelo remen padoeka padjara, soe-
pena saniskarane, manawi wonten ikoe, kagel
ipoen dateng nagari, koelo sampoen kingkin
nan, rupi padoekekoe, Dèn ajoe sepoeh loem-
mampah, apan temoh dèn goedjeng kawola-
inggih, dateng poetra andika. (36) Pan adangoe
Djeng Pangran woes prapti, noelijo sanija leng-
gohan katiga, Djeng Ratoe Ageng sabdane, -
padjar soepenanipoen, ingkang dadijo watir-
ing galih, sampoen telas niskara, Djeng Pa-
ngran nabda roem, inggih pandoegi kawoela,
kados ujadjol kawola iboe sajekti, jèn wang-
sit satoehoenja. (37) Inggih bendjing lamoen-
prapta malih, sampéjan kèn pinggih pri-
jangga, kalawan kawoela mangké, Djeng-





p. 106

Ratoe ngandika roem, tak sampoena kawoela warti, ikangge boten poenika, kawoela pan sampoen, boten katilipan basa, Kang djeng Pangeran èsmoe soengkawa kang galih, tegesé wali woedar. (38) Pan sinamoen mèsem atanja ris, mring kang rama poenapa artinja, kijai wali woedar koewé, Pangeran Mangkoeboemi koe, mèsem sarwi angandika ris, tegesé wali woedar, ijo ikoe woeroe, Djeng Pangeran Dipanagara, sareng mijarsa sajo soengkawa kang galih, wirang marang Hijang Soeksma. — (39) Noelijo sinijo pamit medal ngalih, ladjeng koendoer marang Tegal ardjo, Kangdjeng Pangeran saprapfané, tan mampir dalem ipoen, dateng ladjeng Sélaradjeki, langkoeng wirang mring Soeksma, mandjing gedang sampoen, mapan ngantos tigang dina, dados ngaos mijos dateng ing Soerambi, ki Pangoeloe ngraita. (40) Woes tinoega jèn soengkawa jèkti. — Djeng Pangéran ki Pangoeloe noelijo, sowan pan panoedjoe mangké, lenggah Djeng Pangeran ikoe, wonten ngadjeng ing gedang iki, mangdjing séla gilang, ing ngaoeban ikoe, kaemoeang ngideran kaloh, mawi poelo tinaneman

kang waringin, petitan warna-warna. (41) Ngadjeng gedong bloembang geng ngideri, toja wening akatah oelam nja, mapan ka katah warniné, kari pasdahan ikoe, ki Tangoeloe hoematoera ris, Goesti pomapa marma, soengkawa toen doeloe, inggih tarawoeh padoeka, ting Kadatan Kangdjeng Tangran ngandika ris, ki Tangoeloe manira. (42) Banget wirang marang ing Hijang Widdi, woes djinarwa ingkang sanis-kara, Ratoe Ageng soepenané, kalawan djarwanipoen, Tangran Harija Hamangkoebaemi, ingkang dadijo soengkawa, mesem ki Tangoeloe, hoematoer sanes poenika, pan tegesé Wali woedar kang sajekti, inggih wali angiras. (43) Tjinepengan adil - mring Hijang Widdi, pan poenika inggih tegesira, kadita kang oepaminé, pra nabi satoes iwoe, lan patlikoer iwoe pra Nabi, aninggih ingkang woedar, namoeng nem poenikoe, nglairken karsaning Soeksma, Nabi Adam, Nabi Noeh, Nabi Ibrahim, sakawan Nabi Moesa, (44) Nabi Ngisa - neman kang moengkasi, Kangdjeng Nabi Moechamad poenika, ing djawi pan oepaminé, wali kang woedar ikoe, mapan inggih Soenan Giri, lawan ejang padoeka, Kangdjeng Soeltan-

p. 107

Agoeng. poenika kang samijo ngiras, kasihing-
Hijang dené padoeka pribadi, inggih Walahoe Al-
lam. (45) Karsa Allah ing wekasanèki, Kangdjeng-
Pangran karaos kijasira, kala pinanggihan mang-
ké, mring Ratoe Adil ikoe, pan mangkana raosing
galih, dadi waes ora kena, goemingsira ing sasi,
nanging datan angandika, pan sinamaer mèsem
angandika aris, kaki Alkamdoelillah. (46) Dan wong
oerip poenapa dèn anti, lamoen kaki datan angan-
kija, pakarjan kang loewih gedé, kijai Pangoeloe
matoer, inggih Gaesti lamoen koewasi, pan-
langkoeng oetaminja, noegraha sasoehoe, Kang-
djëng Pangran angandika, moega kaki pada-
soekoera mring Widdi, moega dèn lestarekna.
(47) Mapan sampoen tan winarna iki, Kangdjeng-
Pangran woes poelih kijasira, amaing meleng-
panoewoené, jèn èndjing mios ikoe, Djëng Pa-
ngéran dateng soerambi, pan samija daraes
koer'an, lan kijai Pangoeloe, samana panoe-
djoe ika, woelan Ramlan Djëng Pangran ngoe-
djalat iki, daoemateng goewa Setjang. (48) Mijang
kinarja panglipoering galih, mider-mider
p.108 Taning pakebonan, ing goewa wastanirèki Sa-
niskarané, samana apan noedjoe, Djëng Pa-

ngéran alenggah iki, nèng ngandap kadjeng-
doerga, bakda asar ikoe, kang keban winasdan
madang, mijarsa swara lamat-lamat pan-
daeneling, hèh Ngabdoelkamit sira. (49) Arani-
ra mengko den paringi; ija marang robilnga-
lamina, Djeng Soeltan Ngabdoelkamiké, Hè-
roetjokro Sajidoe, pan Panata Gama ing Djawi,
Kalipah Rasoelloloh, samba sira ikoe, risam-
poen itjol kang swara, Kangdjeng Pangran wak-
toe mahrib koendoer noeli, doemateng goewa-
setjang. (50) Bakda trawèh Djeng Pangéran midjil,
pan alenggah anèng Sélagigilang, ing kanan ko-
ri prenahé, ingkang sowan nèng ngajoen ma-
pan panakawan kakalih, Poetoes Lawa kala-
wan, Poetoes goeritnèkoe, batjok-batjik soerada-
na, lan mochjidin Wirjasemita, anèng pawon
kéwola. (51) Malem pitoe likoer anaoejani, taoen
Ebé sampoenira dahar, Djeng Pangran kaladjeng
saré, nèng séla gilang ikoe, poetoes kalih samijo
ngganri, ladjeng kalih anèndra, anèng dagan-
nipoen, mangkana Kangdjeng Pangéran, sa-
djroning nèndra soepena kon nèng goewèki,
kadijo nèng séla radja. (52) Lenggah anèng Séla-
gilang iki, polo wringin mangkana anaolija,

na djamma woloe prapta gé, dessar koentjër sadaraena, kang nèng ngarsa am bekta toelis-sinangga kalih asta, Djeng Pangran andoeloe, tedak mopan noelija koermat, semoe adjrih kawoloe tjahjanja sami, lir woelan kang-poernama. (53) Kang djeng Pangran djoemeneng ngoermati, ingkang prapta tan pradoeli ika, ladjeng djaedjaeg bloembang boé, Djeng Pangran noelija toemoeet, pan sadaja ngadeg nèng tepi, p. 109 kang gang sol aning wétan, tiga kang nèng kidoel, Djeng Pangeran toemoet ika, kang-nèng kidoel dodijo sokawan penikē, madjeng ngalèr sadaja. (54) Kang nèng wétan ngilèn adjeng nèki, ingkang bekta nawala nèng ngaesa, kalih sisih pangapité, noelijo winaos ikoe, kang nawola oengelnja sami, lawan swaraning oendang, maengel kang Sinoehoen, pan Kang djeng Soeltan Pinika, Ngabdoelkamit Hèroe tjokro kang Sajidin, Panata ing Ngagama. (55) Kalipah ing Djeng Rosoellolahi, ingkang aning ija tanah-Djawa, sanijo mangkana djawabé, ngalaihis salamoe, ingkang maos njendoe nabdaris, ikoe loepoet djawabnja kang sinendoe mataer, kados poendi Panembahan, djawabipoen kang-

njendoe ngandika aris, iki prakara dadija.
(56) Djebèng djawab ngalihis salami, mapan ba-
kal déné kang woes dadijo, pan amaeng tek-
bir djawabé, ladjeng samija poenikoe, maos
takbir kawoloe sami, Songa kang Pangéran,
toemoet tekbir ikoe, kang soerat mapan a-
noelija, tjinem ploengaken baloembang am-
blesing warih, pan woes datan katingal.
(58) Djànma woloe moesna tan kahèksi, saking
gènnja djoemeneng poenika, anglir koekoes
oepamine, Kangdjeng Pangéran ikoe, kan tam
gènnjo djedjer pribadi, samana pan èndjing-
njo, Djeng Pangran winoengoe, waoe dateng-
Gpitoes Lawa, dahar saoer ladjeng tolat Soe-
boeh sami, mapan woes tan winarna. (59) Bakda
koendoer Tegalardjaki, riwoesira dateng Sela-
radja mangkana kang winarneng rih, neng-
gih kijai Pangoeloe, apan sampoen, miarsa
warti, lamoen Kangdjeng Pangéran, pan ing-
ngangkah ikoe, Tanenggih dateng Wolanda,
kobar terang pawarta saking Samawis, kijai
Pangoeloe naelija. (60) Sawan mandjing mring Se-
laradjèki, Djeng Pangéran mapan noedjoe-
linggoh, manggèng ing Sela gilangé, kijai-

mistake in Hoger text No. 57 ommitted

p. 110



Pangoeloe matoer, koela Goesti miarsa warti,
kabar saking Samarang, sampoen terang toe-
hoe, lamoen Padoeka ingangkah, saradadoe
apan sampoen kalah Goesti, kang prapta
ing Samarang. (60) Kadas poendi karsa kang
sajekti, lamoen èstoe kang warta poenika,
Djeng Pangéran mesem saoernja, paran pra-
joganékoe, pan manira tan dosa kaki, ka-
lamoen ikoe njata, swarga ginawé joe, ga-
lèki marga poenapa, lan maningé kaki na-
pa dika lali, Ratoe Agoeng ipénja. (61) Bokma-
nawa wawahanané iki, dingin dika ingkang
aweh djarwa, koela tan dosa jektiné, ing lam-
moen karja doedoe, pan manira kaki tan we-
di, ki Pangoeloe atoernja, pan sarwi toemoeng-
koel, lawan kaoemembeng waspa, sampoen le-
res jèn wangsit poenika sidik, nging pangra-
os kawoela. (62) Baten wandé karsaning Hijang
Widdi, nanging sampoen margi saking joeda,
Djeng Pangéran andikané, paran prajoginépoen,
ki Pangoeloe alon atoer nèki, lamoen èstoe poe-
nika, Goesti wartinipoen, prajogi noeroet ké-
wola, sakadjengé panganiaja Walandi, kados
ijang padoeka, (63) Kang Sinoehoen sepoeh doek

roemijin, dados boten damel karisakan, déné Hijang Soeksma karsané, tan pilih marga toe-hoe, déné koela tan nedijo kari, sakit prapting antaka, pan dèrèk saèstoe, nanging lamoen margi joeda, pan kawoela woes sepoeh boten koewawi, kantoen mangsa sageda. (64) Djeng Pa-ngéran mèsem ngandika ris, koela kaki apan demen joeda, mati betjik potjapané, kijai Pa-ngoeloe matoer, jèn makaten kang karsa Goes-ti, kawoela amit késah, dateng taget doeloe, inggih Kadji dateng Mekah, Djeng Pangéran mè-sem angandika aris, kaki loewih prajoga. (65) Soe-koer kaki dika koela djandji, lamoen dika bé-toek prapting Mekah, poma awija moeleh- moe-lih, matia aning ngrikoe, jèn manira antoek kang kardi, dika kabar-kabarna, lan dika noewoewoen, pandongané para Imam, moega koela oleha soepangat Nabi, lan kari laning Allah. (66) Dèn koewatna manglawan mring kapir, lan dèn banget andika neneda, soedjoed ing kakbah tallahé, noewoewoen mring Hijang Agoeng, lestariné kang tanah Djawi, dadija-lalad agama, kaki lamoen èstoe, wonten pi-toeloeng Hijang Soeksma, ki Pangoeloe dèn ri-

p. 111

kat andika moelih, ki Pangoeloe atoer nja.
(67) Pan sandika maoeng pangèstoe Goesti, inggih moegi kaela saged prapta, daemoeteng kak-bah tollahé. Djeng Pangran ngandika roem-gih pan koki kaela djaroengi, moega ta ka-litona mring Allah kang agoeng, samana waoes tan winarna, kijai Rachmanoedin mopan sampoen pamit, mring wang ge-dé sadaja. (68) Noelija mang kat prapta ing samawis, tan winarna ki Pangoeloe ika, Te-galardjo winarningrih, Djeng Pangéran i-koe, langkoeng dènja soeng kawèng galih, déné mijarsa pawarta, pan lir pamimi-poen, karaboehan ing ngakasa, nanging kang tijas sampoen tan nedijo goeming-sir, moeng anglin-doeng-ë mring Soeksma.
p.112 (69) Dadijo sirna sagoenging prihatin, namoeng pati kang dèn arsa-arsa, sang retna mang-kana manèh, mapan tan nedijo kantoen, mring kang roka Awal lan akir, mangkana ingkang nadijo, boeboeka paenikoe, apan nagri Tegal ardja, pinasakan datan mawi toer oedani, arsa kinarja ratan. (70) Dadija sampoen karsaning Widdi, tanah Djawi-

risaké poenika, pan ikoe dadijo margané,-
mang kana kang winaewoes, Kangdjeng Pa-
ngéran lan midjil-midjil, néng gedang sé-
laradja, samana panaedjoe, bakda ngasar
wajah ira, Kangdjeng Pangéran bakda salat
mios naeli, doemateng pasabinan.(71) Sadja-
wining sélaradjaiki, nama sabin poen moen-
kroe poenika, mawi plenggahan pinggiré,
kinaebeng blaembang ikoe, dadijo kena oeb-
baoebniki, kalawan kadjeng soka, leng-
gah séla ikoe, ki Saban kang aning nga-
sa, waktoe ikoe Kangdjeng Pangéran jaoswa-
niki, pan sampoen kawandasa.(72) Langkoeng
kalih kagijot aningali, lamoen ana roebaeng-
roebaeng ika, Djeng Pangéran lan pandangoe-
né, Saban apa rinoebaeng, mring wang akèh
ingsoen tingali, ki Saban ataer sembah, pan
tijang sadaroem, badé akarja wradinan, oe-
koesané abdi dalem Dèn Dipati, pan sampoen
tigang dina.(73) Kadas telas Tegalardja Goesti,
inggih dadas wradinan sadaja, badé mera-
nem wartiné, pan pinatokan sampoen, Djeng
Pangéran bendoe lan sipi, doepi nijaosa a-
kaernjo, ki Saban poenikoe, brandjang ka-





wat kang dinoeta, animbali dateng ingkang papatih, Mas Bèi Mangoenardja. (74) Mangngoenhardja tan dangoe praptā, Djeng Pangeran noelèja atatanja, Mangoenhardja pakarané,

p. 113

sira tan matoer mring toen, II déné ana mangkana iki, Mangoenhardja toer sembah, abdi djrih poekoeloen, inggih kalamoen matoera, pan poenika tan mawi pratéla Goesti, inggih dateng kawoela. (75) Pan mijarsa kawoela kang warti, saking abdi dhalem lit sadaja, tan pinartéla jèksané, marma adjrih hoematoer, Djeng Pangéran ngandika malih lamoen mangkana ija, woes pengingen ikoe, jèn tan kena bedalana, Mangoenhardja tandika lengsir sing ngarsā, mapan ladjeng kapanggija. (76) Lan oetoesanira Radijan Dipati; pan pinenging meksa datan kena, adjrih Residèn saoeré, Mangoenhardja noelijakoe, oparèntah kinèn bedoli, sagoeng patok sadaja, ingkang nèng lar kidoel, wétan koelon binedolan, ladjeng malih kengkènan Radèn Dipati, Radèn Brongtakoesoema. (77) Loerah Gandèk Doetawidjaja iki, bekta patok lan kerig poenika, ladjeng binetat doewoengé, soe-

maleng tijang doesoen, ing tim pé jan arama-
nireki, Radèn Brongtakoesoema, tan saget
loemajoe, lan ladjeng binoedjoeng tanija, gwa
wawarti doemateng Radèn Dipati, bramantija
ing tijasira. (78) Noelijo margi kang kinèn boen-
toni, ing Djagalan wastané poenika, margi
nering Ngajogijo mangké, sareng kapriksa i-
koe, opan ladjeng kinèn boebrohi, jèn kang
boebroh woes kètoh, malih kinèn boentoe,
ngantas djangkep koping tiga, pan binoe-
broh ladjeng kinen boentoe tanmoeli, woes
katoer mring Djeng Pangeran. (79) Lamoen nae-
gi meksa dèn boentoni, kados poendi Goesti-
karsa toean, apan daloe pamboeboené, jèn
tiang dosan poeroen, opan meksa hoeloen
tinggeni, lamoen mantoek kawoela, wingking
pan binoentoe Djeng Pangeran bendoe tijasi-
ra, jèn mangkana tangoen ordja kaja oewis,
dosan kena moendoera. (80) „Doerma" —
Kangdjeng Pangeran sarwi mèsem angandika,
tangoen-kardjo sirèki, lah ati-atijo, kabèh
sokantjanira, jèn kaja mangkono iki, ing-
kang kinarjo, boeboeka rotan iki. (1) Sajekti-
né opan arep nganioja, ingsoen tan nedija ging-

p. 114

CANTO NO 21 [p 339] VOL II



sir, sa-adjang ing adjang, lan mara Mangoen-
ardja, pada timbalana aglis, kang toea-toe-
a, marang ing ngarsa mami. (2) Sepakena Ma-
ngoenardja toer sandika, woes lingsir saking
ngarsi, prapta ing pasében, mapan sampoen
pepakan, sagoeng ingkang toea sami. kèndel
ing loerah, sadaja woes mijarsi. (3) Warta saking
pawong sanakuja sadaja, lamoen Tegalardjèki,
pan arsa rinoesak, dapan antara prapta, sagoeng
ingkang para mantri, kang toea samija, lan
nganti dén timbali. (4) Lamoen Demang kang
tjilik-tjilik woes prapta, sami pawartanèki,
mangkana anoelija, Mas Bei Mangoenardja, sada-
ja ladjeng dén irid, mring téla radja, kèndel
pasowan sami. (5) Sagoeng matri tanapi, kang
para Demang, ning Balésawo sami. Djeng Pa-
ngeran winarna, mapan lenggah ning téla,
gigilang woloe waringngin, ki tobon ngarsa,
lan Kartisasi iki. (6) Mangoenardja woes prap-
ta sakantjanira, sowan andèr ning ngarsi,
alon atoerira, Goesti amba toer Prikasa, kang
abdi dholem pra mantri, lan kantja De-
mang, kang tjilak sampoen prapti. (7) Lawan
bekta ~~sa~~sadadameling ngajoeda, Goesti-

p. 115

koela sakèni, mapan sami toernja,[II] lawan-
kantja sadaja, sampoen waradin kang warti,
lamoen padoeka, badé dipoen ajani.[(8)] Kangdjeng
Pangran mèsem aris angandika, ing mengko a-
na ngendi, abèh kantjanira, Mantri kalawan
Demang, Mangoen ardja atoer nèki, wonten sa-
wanan, Bolé sawo ing Djawi.[(9)] Kangdjeng Pangé-
ran pan aris angandika, ija woes tarima ma-
rni, nging pada dènjaga, mengko pada da-
woehna, ingsoen tan bisa nemani, pan woes
prajoga, jo marang koer ri rèkè.[(10)] Mangoen ardjo
atoernjo inggih sandika, Djeng Pangran moe-
lija nari, mring abdi kang koea, Radèn Karta-
diwirja, lawan Mas Singahardjaki, lan Marta-
joeda, Dijan Wirja dikranèki.[(11)] Pangoeloenjo
Mochamad bahwi kang nama, silaraning kang
swargi, éjang boejoetira, woes sepoeh wajahira,
nanging ingkang tijos poeniki, langkoeng gam-
bira, lamoen tinari djoerit.[(12)] Mengsoh lawan
Tibiang kapir poenika, soeka matia sabil, sa-
dajo mangkana, mapan samijo atoernja, Djeng
Pangéran ngandika ris, pada soen trima, atoer
rira mring mami.[(13)] Nanging poma wekas-
ingsoen mring siro pada, adjo ana kangmi-

witi, lamoen kapir sida, ijo niajanira, tandi-
ka atoernjo sami, pada metoea, lan dèn jèt-
na sirèki. (14) Atoer sembah woes lèngsèr sing
sèlaradjo, lan sagoeng kang pra mantri, mi-
wah demang, pan woes sami prajitna, lan ngoe-
pados daja sami, neng na winarna, Kangdjeng
Pangéran malih. (15) Saoendaernja kang sami
sowan sadaja, apan lenggah pribadi, mung
lawan ki Soban, Moerdijah Lagijo Propta, la-
wan ki Mochamad ngarip, Mochamad moer-
p.116 sam, dadijo tan kaendaer iki, (16) Dahar salat
nèng sèla gilang kéwala, sanarsa nèndra iki, -
lèndéjan nèng sèla, mijosa swara mangkana,
wantjinira bangoen éndjing, doemling kang swa-
ra, hèh Kabiroel moekminin. (17) Adja sira prih-
atin maringsoen Walanda, Hijang Soeksma kang
noeloengi, lamoen ana ika, wong kang tan mi-
loe sira, woes pinasti mring Hijang Widdi, pesjat
imannjo, sagoeng wong tanah Djawi. (18) Sam-
poen sirna swara éndjing winarna. Pangéran -
koesoemèki, mapan toewi ika, anoelijo pinang-
gihan, anèng Balé sawo iki, aris atoernja, mas
poetoekoe kadospoendi. (19) Béndjing Grebeg
poenapa boten tedakan, mring Pagelaran

inggih, Djeng Pangran ngandika, ing poendi-
marginira, apan sampoen dèn boentoni, koela
kèn boebrah, inggih binoentoen malih.[20] Pangran
Mangkoekoesoema malih atanja, poenika ajoen
kardi, inggih kang wradinan, poenapa kan-
mawia, poenika atoer oedani. Djeng Pangran-
nabda, pindo karja poeniki.[21] Jèn wartia ing-
gih pandoegi kawoela, boten dados prakawis,
Pangran Mangkoekoesoema, panalon atoerira,
mas poetoe koela panggihi, lawan Danoerdja,
kawoela pitakeni.[22] Sagahipoen sadaja atoeroe-
ninga, dados dora sajekti, noelija pamit ika,
Pangran Mangkoekoesoema, mangkana woes tan
winarna, kang kawarnaa, tiang kang sanija-
prapti.[23] Apan ngantos lalampahan tigang
dina, mas demang sampoen prapti, Padjang-
wismanira, teka sa koela Wangsa, apan kaka-
polan sami, seket watara, lan sa gagamané-
ki.[24] Atanapi sagoenging wadijo Ngajoegijo, p. 117
wates Toemenggoeng iki, inggih sapangandap,-
kang sampoen sami prapta, Kang djeng Pangran
Mangkoeboemi, ingkang winarna, langkoeng-
watir tijas nèki.[25] Noelija tedak doemadeng-
ing Tegalardjo, ladjeng noesoel poeniki, da-





teng Seloradja, mapan sampoen papangija-
samijo alenggahan iki, ning sělagilang, Djěng
Pangran Mangkoebaemi.[26] Lan ngandika koe-
loep ingsoen atatanja, paran karsanirèki, ing-
soen tan kadoega, dèné keh temen djanma,-
apa ta arané iki, banget tijas ing wang, koewa-
tir mring sirèki.[27] Djěng Pangeran Dipanaga-
ra atoernja, pan poenika kijai, djanma ing-
kang prapta, mapan samija kadjěngnja, pri-
badi tan ngoendang jekti, inggih kawoela,
sampéjan pitakèni.[28] Gih poenika kapala-
nipoen sadaja, sampoen sami ning ngriki, lan
sagagamanja, apan sampoen samekta, kang
Djěng Pangran Mangkoebaemi, noelja atanja,
marung sagaeng kang djanmi.[29] Sira pada
prapteng kéné ikā apa, ja karjanirèki, sada-
ja atoernja, kawoela mijarsa warta, lamoen
poetra dhalem Goesti, arsa dèn angkah, ing-
gih dateng Walandi.[30] Tijang Djawi sadaja pan
boten rila, lamoen ngantos sajekti, binekta
Walanda, soeka taempes sadaja, Kangdjěng
Pangran Mangkoebaemi, aris ngandika, dèné
tintin oedani.[31] Ija warta ingkang kaja toe-
toeriira, Djěng Pangran Mangkoebaemi, pan.

pangija,
ilang, Djeng
dika koe-
aniréki, ing
djanma,
rang, koewa.
Dipanagara.
unma ing
Tengnja, pri-
kawoela,
kapala.
ngriki, lan
ktu, kang
alanja,
ira pada
réki, sada
lamoen
kah, ing
adoja pan
i, binekta
ungdjeng
ika, séné
kaja toe-
ni, pan.



(32)

[illegible]





[illegible]

110 → 119

118

119

[illegible]

(48)



aris ngandika, doemateng ingkang poetra,-
ran koeloep karsanèki, apa ta sira, bisa nang-
goeng sajekti. (32) Lamoen karja roesoeh marang
ing nagara, Djeng Pangran mataeraris, gih-
kijai Sampéjan, poenapa ta sageda, ananggel
kados kang warti, waoe poenika, lamoen sa-
geda iki. (48) Kangdjeng Pangéran èsloe jèn-
tan darbé karsa, noelija kinèn mangtoeli,-
kang rama prijangga, nanging wangsoelani-
ra, anoen doet Radèn Dipati, Residen ika,-
sasan mangsoeli malih. (49) Apan ladjeng a-
dadan mrijèm kewola, toekang wesi kinèn ki-
nerik, riwoesira dadija, toekang wesi sadaja, ma-
pan atoer oening, mring Tegalaredja, jèn lodji sam-
poen rakit. (50) Dadija angger tijasira wadija sada-
ja, lamoen sida kang kardi, mangkana Djeng Pa-
ngran, apan noedjoe alenggah, aning poeregolan i-
ki, kang ngadep ika, kijai Moechamad bahwi.-
(51) Bangsoekbantoel Iman lawan Noerngaliman,
moerdijoh Achmatmad ngarib, lan Moechamad-
moersam, Moechamad santri ika, lawan Moecha-
mad Djèlani, pan bakda asar, ana oetoesan prap-
ti. (52) Sing Kadatoen loeroeh kaparak poenika, nja-
i Soka namèki, prapta atoer sembah, Goesti-

p. 118

[32-48 omitted from Hagen]

p. 120

abdi dinoeta, ingkang iboe dhalem Djeng Goes-
ti, inggih padoeka, sakedap den timbali.[53] Kang-
djeng Pangeran mèsem aris angandika, redjeb ma-
koera iki, soen waes ara bisa, kalamaun loenga-
loenga, pan sira veroeh pribadi, akèh ing djan-
ma, manawa ara ngerti.[54] Dadi éwoeh kan woe-
roeng dadi prokara, jèn iboe nedja betjik, angoer
marénéja, wajaé den gawaha, kabèh adja ana
kèri, wis ta maelia, njai Soka koer nèki.[55] Ka-
woela djrih pan sampoen daloe poenika, Goesti
kawoela mriki, bekta kantja tiga, samija-
wang soel sadaja, langkoeng adjrih aningali,
dateng barandal, kebak pepet ing margi.-
[56] Pan kawoela loemampah noesoel kéwola, Soer-
jabrotan sapriki, pan sampoen kebekan, koe-
la merem kéwola jèn boten ing ngater Goes-
ti, adjrih kawoela, lamaun mandoeka Goes-

p. 121

ti.[57] Kangdjeng Pangeran mèsem kinèn nim-
balana, kapala brandal sami, marga éwoeh
ika, Singabarong namanja, Sélabegasil oemi-
ring, pan sampoen prapta, kinèn ngeterna-
sami.[58] Njai Soka samana waes tan winarna,
éndjing Djeng Pangeran iki, lenggah neng pan-
dapa, poenkael waloe watara, Kangdjeng Pangeran

Mangkoeboemi, ing rawoehira, Djeng Pangeran a-
ningali. (59) Jen kang rama rawoeh pinetoek koe-
moelija, tedak saking pandapi, ngandap sawo
prapta, panggih Djeng Pangeran noelija, ing kang
poetra dèn arasi, rinangkoel sigra, lan sarta-
dèn tangisi. (60) Apan maksih samija djoemeneng
kéwala, kang rama dèn atoeri, noelija tata leng-
goh, riwoesnja gija ngandika, Kangdjeng Pangeran
Mangkoeboemi, marma ~~soenpoen~~ prapta, koelaep
kinongkon nami. (61) Aring Residèn arep kate-
moe sadéla, koelaep lawas sireki, pan sira dèn
oendang, marang lodji sadéla, Djeng Pangeran
mèsem toernja ris, kijai soemangga, nanging
koela pamiki. (62) Sampoen dados mèlikipoen
tiang katah, katah kaena pribadi, sadaja-
poenika, inggih kalamoen soeka, saewawi-
mangkat kijai, Djeng Pangeran noelija, nantoen
mring kang soemiwi. (63) Apan sira kobèh ing-
toen tari pada, Goesti moe dèn atoeri, Resi-
dèn sadéla, sadaja atoerira, mapan samija
mopo iki, soeka ngabena, pedjaha ing nga-
djoerit. (64) Kangdjeng Pangeran noeli ma-
toer mring kang rama, kijai kadi poendi,
gèn koela loemampah, ing ngriki kadi pa-

ran. Kangdjeng Pangeran Mangkoeboemi, alon-
ngandika, koelaoep soen padjar jekti. (65) Mapan
p.122 ingsoen woes tan bisa moelih njawa, ing lodji
pan woes rakit, paman Pakoe Alam, saanak-
pradjoeritnja, woes pada ana ing lodji, ing-
soen tan doega, kang dadi karep nèki. (66) Mar-
ma ingsoen gelem kinangkan jektinja, pan
sedijo metoe mani, mati lan oeripa, soen se-
dijo labeh sira, maung iman soen seboet iki,
ingsoen woes toca, mangsa anama maning.
(67) Djeng Pangeran mapan aris atoerira, ija alkam
doelilahi, kijai kawoela, inggih darmi ke-
wala, kinarja lampahan jekti, karsaning
Soeksma, Sampéjan kados poendi. (68) Doek roe-
mijin sagah nepangaken koela, lawan Residen
malih, Djeng Pangeran ngandika, koelaoep
ija bener sira, tan kena karsaning Widdi,
saproptaningwang, teka ing kene dingin.
(69) Mapan bandjoer den aendangi Residen ingwang,
ingsoen den takani, koelaoep soen balaka, Se-
cretaris kang ana, Dèn Tjokradiningrat iki, Ré-
sidèn tannja, apa karepirèki. (70) Saoeringsoen
dasan arep apa-apa, noeli Residen angling,-
kepripoen betjèknja, amrih hilange ika,-

ingkang dadi naptoe niki, pan saoeringwang, ka-
djaba dèn toeroeti. [71] Ingkang dadi nepsoené ga-
wa Danoerdja, Résidèn saoerniki, pan iwach -
Pangiran, ikoe oega batoernja. Goepermen kawoe-
la adjrih, pan saoer ingwang, gih dika djaloek-
aegi. [72] Mring Goepermen Résidèn pan atoerira,
bok salijané oegi, koela boten ninga, Secretaris
angoetjap, manawa djaloek dadija dji, wonten
tandanja, tan remen nèng wismèki. [73] Sabèng
alos goenoeng parang lawan goewa, sagan-eng-
gan ngabekti, noeli ingsoen moedjar, hèh Se-
cretaris sira, adja mangkono sirèki, ing wong-
sembajang, sagan-engganè dadi. [74] Saba alos
karemané tjilik moela, gelema dadi Adji, pan
wes dingin moego, ija ikoe ingkang wadija. jèn
ora ngandel sirèki, mara takona, marang Ka-
pitan Djing Sing. [75] Ikoe ana kang weroeh pra
karanèra, doek kala alam Inggris, Tjadining-
rat modjar, Secretaris andika, sampoen a-
njana kadjèki, lamoen karsaa, dadija Ra-
toe pan dadi. [76] Mangsa silih ingkang raji-
djoemenenga kang dadas tlenging galih,
inggih ingkang rama, Kangdjeng Pangeran
poenika, pan kerapes makaten malih, inggih

p. 123

apan kawoela, kang ingoetoes roemijin. (77) Apan nganti tinangisan ingkang rama, nging meksa datan kapti, déné goeng bitjara, sadaja sinagahan, sabab Pangéran Dipati, enggèn bitjara, kang rapi maksih alit. (78) Pan Residèn bandjoer anamboengi sabda, kaja paran ta iki, pan ing Tegalardja, wong wis tanpa wilangan, kabaré laro sajekti, ana kang loenga, ana kang gitik lodji. (79) Tjadiningrat mangkana saoerira, inggih kabar kakalih, pangraos kawoela, inggih dara sadaja, lamoen jektosa kadijèki, salah satoenggal, poeroen dipoen djaedjawing. (80) Pan kawoela kang poeroen nanggel poenika, kadjawi dèn wiwiti, adaté poenika, tan karta karja soesah, sampoen ingkang karja pati, lamoen ngarsakna, roesoeh mawan tanapti. (81) Pan Residèn mangkéné oedjaré ika, marma éwoeh tjjas mami bandjoer nariming wang, kados poendi Pangéran, saoerkoe soemangga inggih, Residèn madjar, sampoen ta bendjing endjing. (82) Dika wanoen Kadakan ing poekoel sanga, kawoela badé mandjing, bareng poekoel sanga, Residèn noeli teka, kalawan Danoerdja iki, Wiranagara, sé kri Residèn-

p 124

angling. (83) Kado poendi Ratoe Ageng ingkang-karsa, Ratoe Ageng anaoeri. pan mangsa badoa, koela pan boten bisa, lawan Pangran Mangkoe-boemi, Residen madjar, ingkang katemoe mami. (84) Dika Pangran lan koela tiga Danoerdja, samijo loemampah iki, dateng Tegalardjo, prijé kowé Danoerdjo, apa ta prajoga iki, Danoerdja mo-djar, kolangkoeng èwet nèki. (85) Boten wandé dados salang soeroepira, wantoe woes katah djan-mi, bandjoer ingtoen madjar, empoen dika-kéwala, kawoela pribadi, mangsa wantena, ing wekasanèki. (86) Lamoen santijosa rinem-bak kéwola, kadjaba ditékadi, dika kalih-koela, gih wong loro kéwola, saoeré Residen iki, Dika Pangéran, nanggoeng poenapa wa-ni. (87) Lamoen santen dédéné inggih poeniki, saoer toen mangkéné ki, inggih mati dika, koe-la mangsa karia, jèn dèn oendang daegi ma-mi, mangsa tekaa, wong poen makèten iki. (88) Saoerira Residen gih poen Pangéran, andika béndjing-éndjing, djampitoe mandjinga, gih daweg poda mlika, lodji bareng ésoek ma-mi, anoelija propta, woes béda patrap nè-ki. (89) Paman Pakoe Alam lan nak pradjoe-

ritnja, bareng katemoe mami, lan Residen i-
p.125 ka, mangkéné oedjarira, Pangeran dika priba-
di, kang loemampaha kawoela èwet iki. (90) Ma-
pan koela wakilé Djéndral poenika, sajekti
dadan keni, lamoen marikoa, déné poetra
andika, propta tan prapta ajekti, katem-
poeh dika, lamoen tan bisa sajekti. (91) Prop-
ta kawoela toetoeraki Djéndral dika, moe-
lané ingsoen propté, mèsem Djéng Pangéran,
mijòrta ingkang pawarta, noelljo Pangran
Mangkoeboemi, nimbali sigra, daemateng
kang Papatih. (92) Mas Ngabèhi Hastradimedja
namanja, ladjeng kinen nimbali, sagarwa poe-
tranja, dadan antara propta, sadaja Tegalae-
djèki, anoelijo ana, Ordenas saking ladji.
(93) Ngénggalaken daemateng Kangdjeng Pangé-
ran, nging winang toelan iki, balijo kéwola,
dadan antara propta, kengkènan saking
djro poeri, ki Soeranata, mapan inggih nim-
bali. (94) Kangdjeng Pangran Mangkoeboemi woes
tan korsa, Adwan ngandika aris, hèh pa Soera-
nada, apoda lali sira, bener iki anak mami,
ing lahirira, nanging kang darbé siwi. -
(95) Apa njòda ikoe sadoeloer koe toea, marma-

ingsoen laboehi, lawan ngreboet iman, woes
ta sira matoera, pirang bara remoe oerip, ki
Soeranata, woes moendoer saking ngarsi.(96) Kang
djeng Pangeran Mangkoeboemi alon tanja, doe-
mateng ingkang siwi, paran karsanira, sa-
kih rèrepot ija, opa ora kon soemingkir ba-
nget tijas ing wang, soewawir aningali.(97) Mara
koeloep Rangga pabener tijasing wang, Pa-
ngeran Rangga soernèki, Pan sampoen prap-
ta, sadaja wonten ngriki.(98) Ingkang raji-
raji woes prapta sadaja, nging kinèn koen-
doer sami, moeng Pangèran Rangga, kinèn
koendoer tan karsa, Kangdjeng Pangèran -
Soerinja ris, dateng kang rama, soemingkir
dateng poendi.(99) Jèn kawoela gadaha kadjeng
poenika, pasti karja roeminjin, gin rèrèpot
sanija, mila ing tijas kawoela, mapan tan
aredija gingsir, nadijan pedjaha, apan-
sampoen prajogi.(100) Wonten q ngriki titi-
laraning Djengèjang, iwet painapa èstri,
tan saimoet paenapa, ngriki sampoen pra-
jaga, kinarja enggèn ngemasi, Kangdjeng
Pangèran Mangkoeboemi nimbali.(101) Mapan
dateng abdi nira ingkang poetra, kang se-

p. 126







poeh-sepoeh sami, pan samijo atoernja, lang-
koeng koewatos sira, tan wandé ngéran-é-
roni, jèn wonten karja, kang rembag sam-
poen gilig. (102) Kangdjeng Pangran ladjeng noe-
roeti kangrama, nging Sang lesmining poeri,
asanget lenggana, nadija tekèng palastra,
kawoela manawi kari, datan woeninga, Djeng
Pangran Hangkoeboemi. (103) Noelijo wangsoel ngan-
dika dateng kang poetra, paran koeloep nak
mami, sibèng ara kena, toeh toetoeri prijang-
ga, prapteng pati loemoeh kari, Kangdjeng
Pangéran, noelija tedak maeroegi. (104) Dateng
dalem sampoen panggih lan kang garwa,
Sang retna anaengkemi, & padani kang ra-
ka, adres medal kang waspa, nanging da-
tan saget angling. Djeng Pangran nabda
doeh mirah ingsoen Goesti. (105) Ingkang ab-
di noewoenwoen dèn toeroetana, manawa-
nemoe oerip, sadinten poenika, jèn nah-
anggèr tan karsa. sampoe tamtoe jèn a-
ngemasi, dinten poenika, bendara ing-
kang abdi. (106) Dadija noeroet Sang retna djoe-
meneng noelija, loemampah pan aririh, sar-
wi ngemoe waspa, sampoen boedal sadaja,

p 127

sagoeng kang rèrèpot sami, Kangdjeng Pangé-
ran, ngeteraken ing kari. [107] Nring silarang-
boedal nja repot sadaja, ingkang kinèn angi-
ring, wong lanang kang toea, Tegal ardja sa-
daja, pan sampoen tan wonten kari, pitoe-
loenging Hijang, lampahira lestari. [108] Tan-
kapetoek lan mengsah pan tanggil marga,
rong panginang watawis, lawan praptanira
Boepati kolthika, Mas Sindoenagara iki, lan
Mas Mandoera, mapan ambekta toelis. [109] Ing-
kang soerat saking Residèn poenika, Djeng Pa-
ngran ngandika ris, soen tan bisa matja, lah
Rangga tampanana, Pangran Rangga anam-
pani, ladjeng winatja, sampoenira dalmoegi.
[110] Sanis kara Kangdjeng Pangran angandika,
mring Mas Sindoenegari. heh Sindoenagara, ingsoen
tan darbé karsa, den oendang tan gelem mami,
soen doedoe badjoh, pan arep den apoesi. [111] Mas-
Sindoenegara boer sembah, Goesti lamoen ma-
rengi. Residen poenika, pinaendoet sepaosnja,
Kangdjeng Pangran ngandika ris, soepada apa,
ingsoen tan ~~bab~~ darbé kapti, [112] Jèn pandoeka
Goesti èstoe datan karsa, njoewoen wangsoelan
toelis, Djeng Pangran ngandika, lah ija toelisapa,

mapan sam woes ora kapti. Kangdjeng Pangeran,
Mangkoeboemi nabda ris. (113) Ora koelaoe betjiké ja
wang soelana saami-aminèki, koe baé Danoeredja,
sida djaloeken ija, toer mangsa awèha kaki, Djeng
Pangran soernja, pan soemangga kijai. (114) Ingkang
serat inggih sakarsa padoeka, kijai amangsi-
p. 128. Kangdjeng Pangran noelija, nimbali tjarik ika,
lagi angsal gangsal larik, noelija nijarsa, swa-
raning bedil mami. (115) Koping tiga pan samija
kagijat sadaja, noelija Sindoenegari kalawan
Wondoera, pamit pan samija sagah, mariksa oe-
nining bedil, sampoen kalilan, gija lengser sa-
king ngarsi. (116) Tan antara noelija, ramé kang-
sanjata, lawan marijem nèki, noelija Djeng
Pangéran, wadija kang sami sowan, sadaja woes
kinèn midjil, toesoeloeng joeda, dook ngoeni
pan pinenging. (117) Tata-sasa tinoenggil Sindoe-
negara, lamoen tan saè nèki, sareng samija me-
dal, sampoen tan angsal papan, panoedjoe ke-
pala sami, mantoek sadaja, tinarka dalanda-
di. (118) Ingkang kantoen ing samèn Djajameng-
gala, lawan kang para mantri, toea baeroe samija
lan Demang sawanja, poenika ingkang nadahi,
swangsal-angsal, mengsah pinara kalih.-

[119] Ingkang medal sawetané Tegalardja, anenggih kang nadahi, Dèn Demang ing Padjang, lawan sakoela warga, nanging kasaraban kang tanding, anoelija prapta, Raden Natadirdja ki. [120] Lan kang raji Rahadèn Nataprawira, lan Dèn Djasentané ki, koetoeloeng ngajoeda ing ngaeni mapan sowan, ning ngarsa Djeng Pangran sami, Mas Mangoenardjā, lan Mas Bradjadirdjeki. [121] Lan kang raji Rahadèn Nataprawira, ki Moerwijah puniki, lan ki Martajoeda, toeloeng Djājamenggala, nging meksa karaban tanding, lan woes kepapan, nging meksa panggah sami. [122] Kangdjeng Pangran dèrèng éwah genja lenggah, aning pandapa maksih, lawan ingkang rama, kang raji Pangran Rangga, poenika kang moenggeng ngarsi, lan panakawan, ngampil gamel kang maksih. [123] Sowan ngadep doemateng Kangdjeng Pangéran, anoelija na soer aning, kijai Darmadjaja, loerah ngawin poenika, di dhalem kaseser sami, katahen lawan, ing pandan sampoen prapti. [124] Nanging inggih taksih samija tinangledan, Djeng Pangran datan angling pan kendel kéwala, wangsoel ki Darmadjaja, Kangdjeng Pangran Mangkoeboemi, aris angandika, paran

p. 129





mistake in Hogen Two No. 124

koeloep karsèki.(124) Apa ora ija tata-tata sira,
Djeng Pangran matoer oris, ing ngriki kéwala,
medal moendoet poenapa, inggih lamoen prap-
ting takdir, néng ngriki ngrika, mangsa wan-
dé ngemasi.(125) Wonten ngriki jèn tinoeloengan
mring Soeksma, inggih sampoen prajogi, noel-
ja Darmadjaja, wangsoel sarwi karaena, hoem-
matoer doeh Goesti mami, abdi padoeka, sam-
poen datan koewawi.(126) Saking genging meng-
sah palengkoeng kang prapta, Djeng Pangran
Mangkoeboemi, pan datan ngandika, anoelija
ingkang poetra, tjinandak astanirèki, binek-
medal kari boetoelan iki.(127) Noelija prapta djo-
ri kilèn Tegalardja, aneng loeroenging sabin,
mengsah tan aninga, jèn Djeng Pangran kalih-
nja, kalamoen sampoen ing djawi, gija nitih
koeda, ki Gisajoe nanaèki.(128) Tjemeng pandjol
panggoeng soekoenja sakawan, belalak nétra-
nèki, langkoeng agengira, ingkang rama koe-
danja, pan lagija saking sal iki, anitih soen-
dan, saking kotesanèki.(129) Belo tjemeng batil-
lan langkoeng kera, watjoetjol larap nikè, woes
karsaning Soeksma, sagoenging kang dadanan,
sadaja pan pada kari, namoeng poesaka, lan

kang titian sami.[130] Datan kari Kangdjeng Pa-
ngeran noelija ngasta, ingkang poesaka iki, waos
kijai Rondan, ingkang rama mangkana, kijai Dji-  p. 130
mat woes pinandi, Pangéran Rongga, datan nitih
koeranggi.[131] Pan gandèlan sampéjanira kang ra-
ka, Djeng Pangran joen oedani, doemateng kang
mengsah, tan kantoen ingkang rama, Kangdjeng
Pangran Mangkoeboemi, sareng katingal, hoesar a-
nanderi sami.[132] Finadahan mring kijai Soek-
batoel iman, lan ki Martajoedèki, lan Mas Bra-
djadiradja, ~~ki~~ Moerdijah lan Sahiman, Machamat
moersam poeniki, Djaja menggala, ing Samin kang
nadahi.[133] Finoembakan hoesar mapan katah
pedjah, sanget karobanèki, lan ingiles koeda, sa-
lijané poenika, apan sampoen njabrang sami,
kang wang sadaja, doemateng kilen kali.[134] Ing-
kang sampoen doemateng ing takdirira, Bei Bra-
djadirdjèki, loerah Wirabradja, Pandita ki Mar-
dijah, kaoem Machamad marsam mi, kang poe-
nakawan, Bekel Saiman tobil.[135] Pan sadaja saka-
wan kang sampoen prapta, Soekbatoel iman kaning,
kijai Martajoeda, lawan Djajamanggala, antoek
pitoeloenging Widdi, datan soemana, nging ka-
sajahan kalih.[136] Dadija dawak katiga neng pa-

sabinan, tinarka woes ngemasi, pan ladjeng ti-
nilar, soewalijé kalawan, de tri awas aningali,
mring Djeng Pangéran, kalih naelija ngabani.
(137) Sagoeng hoesar mapan ladjeng nander samija,
soewalijé kang ngirid, naelija Djeng Pangéran,
mapan ginadang-gadang, lawan kinaroetoeg
bedil, titianira, Gitajoe ëtja ngirig. (138) Lang-
koeng bigar mapan ang lir tinaboehan, Djeng
Pangran ing tijas néki, apan ta mangkana, pën
ingsoen maténana, mring sakèhé hoesar iki,
p. 131 datanpa kaja, lir mateni tjitjindil. (139) Nenenng
bae meksa ingsoen binedilan, sadéja Djeng Pa-
ngran iki, besak saking rasan, loemampah pa-
sabinan, nanging meksa den toetoeti, mring sa-
gaeng hoesar, dan kendel anistoeli. (140) Pan Gi-
tajoe kalangkoeng sennja tenaga, lir pangantèn
oepami, den arak pamika, kang raji Pangran
Rangga, dan oetjoel ginnja njeplengi, sampéjan-
nira, ingkang raka pamiki. (141) Pan koraos ge-
rah pitoeloenging Soeksma, Djeng Pangran Jang-
koebami, ninggih kang winarna, langkoeng
akas koedanja, dan sambada lan warnèki,
koedaning hoesar, dan saget anoetoeti. —
(142) Lamoen wonten satoenggal kalih kangtje-

lok. ngantjaran lawoeng noeli, hoesar ladjeng
boebar, dadeja tan angsal ika, Kangdjeng Pa-
ngran aningali, dateng kang rama, langkoeng
soeka tijas nèki, (143) Dené gagah kijai Tjeng-
kiling astanja, mangkana mapan ~~astanja~~.
sami, ingkang hoesar katah, wangsoel dateng
wradinan, pan namoeng titnan satoenggil,
langkoeng kendelnja, lawan sanget angoedi.
(144) Nring Djeng Pangran tan kendel panistoel-
ira, Gitajoe èdja njirig, samana Djeng Pa-
ngran, apanta semae kèwran, pan arsa ti-
noendjang iki, roemaos nista, anoelija ani-
ngali. (145) Wanten brandal titiga ing ngawé prop-
ta, Djeng Pangran ngandika ris, iki patinana,
Walanda tanpa ngrasa, barandal titiga sa-
mi, matoer sandika, sareng toemandang ka-
tri. (146) Wanten saler doesam Soemberan paeni-
ka, Kangdjeng Pangran Djenengi, kinaroe-
boet tiga, mestoel medang angsal, kinaro-
tjok ladjeng mati, lawan koedanja, Kang-
djeng Pangeran noeli. (147) Tedak dateng wra-
dinan, toenggil kang rama, sawalijé oedani,
jèn titnannja pedjah, ladjeng wangsoel sadaja,
sosanderan hoesar sami, nring Tegalardja, ngri-

p. 132



sok lawan besmèni. (148) Sampoen telas sugoeng brana Tegalardja, nengna gantija winarni, - nenggih Djeng Pangeran, pan èsmoe kesajohan, lawan malih angentosi, kang dereng prapta, lakoe asmara kingking. - „ (149) Asmara dana" Apan

CANTO 22

sampoen risak sami, nagari ing Tegal ardja, Kang djeng Pangran winiraos, akalian ingkang rama, aneng tengah radinan, maksih manggoeng nèng koedèkoe, sarwi lèjangan ladijan. (1) Angentosi mring kang abdi, mapan ingkang dereng prapta, mangkana sareng praptané, Rahadèn Natadiridja, lan Radèn Demang Padjang, Radèn Nataprawirèkoe, lan Radèn Djaja tentana. - (2) Dinangoe pan ladjeng sami, nging Walanda katah pedjah, wolong dasa wasabisé, Djeng Pangran kadas toepena, mangkana ingkang rama, titian woes kapanggoeh, ladjeng aris ngandika. (3) Paran koeloep karsanèki, Djeng Pangran aris atoernja, koela soemangga kémawan, tiang sampoen tanpa wisma, Djeng Pangran andika, koeloep saparan-paranmoe, pan ingsoen mangsa karija. (4) Mapan iki oja wis wengi, Kang djeng Pangéran atoernja, kijai kadjeng koela mangké, ngoepados paetra sam-

pejan, ing poendi panggènannja, Kangdjeng Pa-
ngeran anabda roem, waoe doematèng kang poe-
tra. (5) Nging Selarang doega mami, maoe rem-
boegnja, mangkana, sakèhé rèrèpot kabèh, Kang-
djeng Pangeran atoerira, doemateng kang rama,
kijai salasa roemaoehoen, pan wakdoe Ngachrib
poenika. (6) Lan ngaso sakedap kijai, pan kawoe-
la saweg sajoh, jèn sampoen bakda Ngachribé, soe-
wawi kijai loemampah, anoelija sami salat, nèng
lèpèn Bajoen sadaroen, bakda Ngachrib loemam-
pah. (7) Sampoen karsaning Widdi, pan samija
bingoeng sadaja, pan sanget petengé, dadijo ka-
ladjeng lampahnja, medal Soemangir ika,
dadijo sanget sajahipoen, lan loewé orip sa-
daja. (8) Dadija kèndel tan doemoegi, nèng èrèng
goenoeng kèwola, mapan samija rèndra ka-
bèh, sareng èndjing gija loemampah, prapta
ing lèpèn Soka, Kangdjeng Pangéran anda-
ngoe, marang Demang lèpèn Soka. (9) Panggè-
nan rèpot sagoenging, kijai Demang atoeri-
ra, inggih nglempak ing Selarang, naelija
kinèn nimbalaana, dadan antara prapta,
mapan lir soepena kachae, sadaja pangesti-
nira. (10) Risampoen nja samija panggih, -





lawan kang répot sadaja, gija pinernah dé-
wé-déwé, mapan tjekap lèpèn Soka.(11) Kang-
djeng Pangéran noelija, tedak mring Selarong i-
koe, tan kantoen lawan kang rama. Kang
djeng Pangéran Mangkoeboemi, kang raji Pangé-
ran Rangga, kinèn tengga répot baé, lawan
wong kang toea-toea, ingkang kinèn roemek-
sa, répot lawan dahar'ipoen, Mas Bei Mangoen
ardja. (12) Mangkana woes tan winarni, sagoeng
rérépot sadaja, mapan woes étja enggèné, Kang-
djeng Pangéran winarna, kalawan kang rama,
nenggih pasanggrahanipoen, ning Selarong
wismanira. (13) Ki Demang Hardjabajiki,
wonten malih kang winarna, ingkang raji
p 134
noesoel mangké, Pangéran Adinagara, bek-
ta pradjaritika, mandoeng apan patang poe-
loeh, kalih taoen winatara. (14) Ladjeng pi-
nasrahan iki, waoe doemateng kang raka, da-
déja ngiras papatihé, lawan noebaen salin
nama, Pangéran Soerèngnglaga, kang raka
nglilani sampoen, lan ingidèn mring kang
rama. (15) Kangdjeng Pangéran Mangkoeboemi, da-
tan lami linoerdegan, pan saking ing Ngajo-
gjané, kinerig sagoeng wong Jogija, mantri

lawan Dipatija, soewalijé tindihipoen, lawan sa-
gaenging Walanda.[16] Ngajoegijo tan ana kari, na-
nging kang Residèn ika, miwah poetra sentané,
lan Radèn Dipati ika, Pangéran Mangkoe Alam,
mapan kang taemaet pamitkoe, nenggih Pangran
Soerjaningprang.[17] Sigra pinetoekena aglis, ma-
rang sagaenging wong désa Djajamanggala tin-
dihé, kalawan Anggawikrama, lawan ki Baoe-
joeda, kalangkoeng ramé prangipoen, kendang
kinitir woerahan,[18] Baroeng lan marijem moe-
ni, sandjata lit barondongan, dadija saja ka-
toh mangké, wong désa kang samija prapta, la-
djing toelaeng sadaja, kang tan darbé gamani-
poen, bandil aloe pan binekta.[19] Pan sam poen
karsaning Widdi, bandil poerom lan sandjata,
dadija kalangkaeng ramèné, mangkana Kang-
djeng Pangéran, langkoeng marma tijasira,
kang raji kinin toetoelaeng, waoe kalawan -
kang paetra.[20] Pangeran Soerjèngngalagaki, la-
wan Radèn Ontawirja, Rahadèn Natadirdjané,
lan Radèn Natapiawira, Radèn Djajasentana,
miwah mandoeng patang poeloeh, dadija ki-
woel ing ngajoeda.[21] Marijem woes datan moe-
ni, ing Sawèn Djajamanggala, pan kalang-


p 135

kang pangamoeké, garagal ki Baoejoeda, -
wong Joegijo katah pedjah, sampoen korsaning
Hijang Agoeng, Boepati katah kabandang. -
(22) Apan ladjeng teloek sami, kang tan teloek
sinèdelan, kinintoenken katah baé, temah
sanija kawirangan, kang tan katjandak ngo-
djang, dadan pinedjahan ikoe, Walanda pan
katah pedjah. (23) Soewalijé apan kanin, kéning
bandil dengkoelira, tiba saking koeda lem-
poh, ladjeng binekta loemawijo, waes moen-
doer wong Ngajoegijo, langkoeng katah ang-
salipoen, bandangan warna-warna. (24) Kang-
djeng Pangéran aningali, waoe kalawan kangra-
ma, nèng ngarsa widjil namané, sampoen ka-
tingal sadaja, solahé kang ngajoeda, lamoen
èstoe sampoen oenggoel, Djeng Pangéran noelija
bodak. (25) Nring kembang poetian iki, lenggah
anèng pakarangan, dadan antara praptané, -
kang raji lawan kang poetra, ngirit sagoeng
Boepatija, ingkang sampoen sami teloek, nring
kang sinemboh ngajoeda. (26) Temenggoeng Mar-
talajéki, Dijan Toemenggoeng Danoe taena, Toe-
menggoeng Wijasoemané, Dijan Toemenggoeng-
Natajoeda, Radèn Wijatarana, Radèn Joeda-

widjajakoe, Toemenggoeng Poerbakoesoema. (27) Toe-
menggoeng Dipadirdjèki, lawan Dijan Harjo Sin-
doerdja, Toemenggoeng Soemaredjoné, sadaloe -
woes tinarima, gija oedjoeng gantija-gantija, ri-
waesnja anoelija koendoer, ri tang sinembah nga-
joeda. (28) Narang pasanggrahan-nèki waoe ka-
lawan kang rama, Djeng Pangran Mangkoeboe-
miné, noelija Pangran Soerjeng nglaga, ngatoer-
aken bandangan, mapan warna-warna ikoe,
noelija kinèn maringena. (29) Doemateng kang
angsal tami, lama wija liroe ija, saholihé -
déwé-déwé, lawan ija Soerjeng laga, kada moe-
pakoesna, ija si Djajamanggalèki, (30) lawan si-
Soemia digdaja, anoenggoka semi bae, mringoe-
wa Soemadiningrat, Radèn Soemadiningrat,
lan si Djajawinatèkoe, pamanané makitana.
(31) Pangran Soerjangalègèki toer sembah noewoen
sandika, noelija aloewaran mangké, ing da-
loe pan samija prapta, para poetra sadaja, ré-
patija kang samija noengkoel, dadija gègèr-
ing Ngajoegija. (32) Dasar mentas kawan djoerit,
poetri-kotah samija medal, Residèn hamboeh pa-
lohé, noelija daloe malih ika, Pangran Djaja-
koesoema, Pangèran Balitar ikoe, Pangran Nach-

p 136

verse 30 ommitted v. 29/30 Ingkang Ganjdjar aran iki, (30) Raden Djojanagaraneki lawan...







amad boebakar. (33) Pangran Rijo Manggaleki, lan
Pangéran Adisoerja, Pangran Adiwinotani, lan-
Radèn Mangkoewidjaja, Rahadèn Mangkoedirdja,
verse 34 omitted Radèn Dipajana ikoe, lan Radèn Dijatarana.
Miwah Radèn Singasari, tanapi sarip sadaja,
nijang sagoenging Pandita, poetra santana kang
kantoen, maksih ana ing Ngajoegija. (35) Apan
sami dèn tjepengi ginedang lodji sadaja, nging
Pangran Pakoe Alamé, ingkang sasan gine-
dongan, lawan sapoetranira, mangkana ingkang
winoewoes Silarang langkoeng hardjanja. (36) Mapan
ta woes dadi nagri Ngajoegija ngalih poenika,
kang peken langkoeng agengé, mirah kang-
sarwi tinoembas, padjeng tijang sadéan, da-
dija samija rena sagoeng, tan ana kang dara-
tjara. (37) Risang pramoeding ngadjoerit, apan-
p 137 lagija tiniwaka, moenggeng ingkang taroeb-
gedé, pepak kang poetra santana, lan sagoeng
pro pratiwa, raeng-anaeng pan moengging nga-
joen, toean kadji lan Ngoelama. (38) Lan para
Pandita sami, ingkang dasan kebah, Djeng
Pangran Mangkoeboeminé, ingkang moenggeng
ngarsanira, Pangéran Soerjenglaga, risang pra-
moeding ngapoepoeh, mapan aris angandika.

(39) Soerjenglaga karsa mami, si adi Mangkoewidja-
ja, soen paringi nama mangko, Pangéran Mang-
koediningrat, si adi Mangkoedirdja, Pangéran
Natapradjèkoe, pajoeng koening angagoa.
(40) Lawan si Martajoedèki, arana Wirjanagara,
si Djarot ikoe arané, Toemenggoeng Wirjadire-
dja, Demang Padjang araná, karjo pangalas-
an ikoe, kang raji matoer sandika. (41) Pangé-
ran Soerjènglagaki, soer sembah naewoen-
sandika, san poenika sadajané, anerang-
dateng kawoela, pamopa ingkang karsa, ri
Sang pramoedèng ngapoepoeh, mapan aris
angandika. (42) Héh Soerjenglagaki, si Toemeng-
goeng Danoekoesoema, menjanga Pagelèn -
mangko, ngebanana poetraning wang, ija si
Dipanagara, lan poetrané kijai ikoe, ija si -
Mangkoeatmadja. (43) Arané ingsoen paringi,
Pangéran Soerjakoesoema, ija ingkang dadjo
bané, ija si Hostradimedja, ingsoen paringi
aran, Toemenggoeng Rektapradjèkoe ing Pa-
gelèn den rasaa. (44) Mapan Adiwinatèki, me-
njanga ing Kedoe ika, Mangoendipoera embar-
né, kalawan si Natajoeda, ijo Moehamadi-
ka, Boebakar marang Lawanoe, déné kang.







p. 138

sadi embanja. (45) Si Boekbatoelrinan iki, aran-
na Toemenggoeng ija, si Djojo ~~maepat~~ maes-
tapa,manggoh, lan siadi Aditaroja, barisa
sokoelan Jogja, kolawan anakirékoe, si Dan-
dang ija arana. (46) Pangran Soemanagaréki, déné
ingkang ngembana, ija si Wirjanagarané, ka-
lawan si Proenadjaja, ing Gamplang aranira,
Tjokranagara Toemenggoeng, lan paman Djoja-
koesoema. (47) Ana ing lar Ngajogjo ki, déné ing-
kang ngembanana, ija si Soeradilagané, lan
kang maingwing wana-wana, ejang Blitar
barisa, déné kang ngembani ikoe, Toemeng-
goeng Soemadiwirja. (48) Mangkoediningrat si-
rèki, kolawan si Natapradja, lan sadoeloer-
ira kabèh, Sambirata barisana, ingkang-
ngembani ija, si Rathoepati Toemenggoeng, ka-
lawan si Soerohardja. (49) Soerjènglaga nakira-
ki, si Bantjak soen poendoet ika, arana Pangé-
ran mangké, Soerjanagara barisa, sawetara-
ning Ngajogja, déné kang ngembani ikoe,
ija si Soeranagara. (50) Lan Soedinagareki,-
déné kéné ikoe ija, Ajoekoep Djanagara-
baé, kolawan Soemadiningrat, kaseloe
Djawinata, si Singasari ija ikoe, Goenoeng-

kidoel dèn rataa.[51] Saen paringi aranèki,-
Pangéran kang ngembanana, ija si Wiratakoe-
soemané, ing Padjang ingkang ngrataha, ija si-
Martalaja, lan Wirjakoesoema ikoe, Sindoer-
dja lan Dipadiradja.[52] Kartadiradja Sokawati,
pasisir si paman Sèrang, ingkang angrataa
koewé, déné ingkang Mantjanagara, saen tem-
poehaké ija, kabèh kang ngrataaikoe, ija si-
Mangoennagara.[53] Sandika sadaja sami, lang-
koeng enggar ing tijasira, noelija atoer salam
mangké, kang éjang lawan kang paman, kang-
raji lan kang poetra, samija ngaras pada ikoe.
lan sagoeng kang pra Dipatija.[54] Kang samija
pinaring kardi, marang risang misèseng prang,
noelija aloewaran mangké, koendoer dateng
Pasanggrahan, tan kantoen ingkang rama,
mangkana ingkang winoewoes, kang samija
pinaring karja.[55] Mapan aboedolan sami, ta-
reng sadinten sadaja, saring prenahé déwé-
déwé, samijang sal pitoeloeng Sukma, la-
djeng tata barisnja, sadina-dina prang
poepoeh, samana waes tan winarna.[56] Ka-
wening prang tanah Djawi, noelija ana
bantoe prapta, saking ing Kedoe margané,

p. 139


kalih atoes winatara, lan ngiringaken arta gangsal leksa katahipoen, prapta ing legarok ika. (57) Ingkang baris aning margi, kijai Moehamad Ngarfah, lawan Moeljasentikané, pan kagijat non Landa liwat, noelija nembang tengara, wong désa kalangkoeng gregoet, ladjeng gandèng titir samija.

(58) Noelijo tjampoeh ing ngadjoerit, saradadoe ngedril noelijo, nanging Moeljasentikané tan pardoeli mring sandjata, ladjeng koewelan samija, dadijo katah samijo ambroek, bantoe kalih atoes telas. (59) Moeng gangsal welas watawis, kang samijo loemadjeng gesang, nanging sampoen tatoe kabèh, anoelijo Moeljasentika arta walan boesana, sandjata ladjeng dinoem, mring sagoeng kang moeljèng joeda. (60) Sar ladjeng inganggé sami, saroewal lawan rasoekan, mijang sandjata sadajané, langkoeng inggar tjitnija samijo, ladjeng sowan sadaja, dateng Silarong ikoe, kalih belah winatara. (61) Samija nganggo lir Walandi, sandjata sangkoehan samija, noelijo ing Silarong kaget, tinarka Walanda prapta, arsa pinetoek ing prang, gijo Moehamad Ngar-


p 140

far ikoe, anandeaken toerangga.[62] Kantjanira kendel sami, pan kinen baris sadaja, ri sampoen pratéla mangké, mring Pangéran Soerjèng laga, ladjeng dadijo tantanan, pan samja soeka sadaroum, wadijo silarang punika.[63] Moechammad Ngarfah anoeli, kalawan Moeljasentika, ladjeng ngirid njowanaké, mring Pangéran Soerjèng laga, marang sang pramoedijèng prang, ladjeng ginandjar nanaéki, Toemenggoeng Setjanagara,[64] Moechamad Ngarfah, poenika, arinja Moeljasentika, pan ginandjar nama mangké, Toemenggoeng Kartanagara, lan kinèn angradina, Kedoe wétan kidoel ikoe, kalih njo matoer sandika,[65] Langkoeng inggar tijas njo kalih, woes lingsèr lan mantoek samija, pan woes tan winarna mangko, kawarna abantoe prapta, saking ing Soerakarta, medal wétan margi nipoen, pradjoerit Mangkoenagaran.[66] Pinetoek aken taemoeli, mring Toemenggoeng Soeroredjo, anèng Randoegoenting poepoh, langkoeng raménning ngajoeda, telas Mangkoenagaran, kitindihira katjokoep, ana mozo Radèn Soewangsa.[67] Noelijo sinaosken aglis, doemateng silarang ika, mapan nangis kéwala, nitang

kalangkoeng welasé, wandoe maksih raré ika,
mopan nangis kéwala, pinaringan boesanakoe,
ladjeng kinèn ngaderena. (68) Nandoek dateng
Sala iki, mangkana ingkang winarna, risang
moertining paloegan, kalangkoeng prihatin-
nira, kagagasing wardaja, namoeng wangsit-
ing Hijang agoeng, nawala koer'an poenika.
p.141 (69) Dan[II] kalilan den iwahi, poenapa saparentoh-
njo, kinèn anglampahi kabèh, marma prih-
atin kalintang, risang moertining joeda, -
ingkang rama kang winoewoes, sijasira mopan
c dan doega. (70) Noelijo angandika aris, paran koe-
loep marmanira, ingsoen dan doega anggèr,
ingkang dadijo prihatinira, wadiniréko -
njawa, pan woes dan koedjiwa toehoe, ing én-
dahé kang ngajoeda. (71) Risang moertining
ngadjoerit, apan aris angandika, gih kijai sa-
toehoené, ingkang dadas tijas kawoela, inggih
sanadijan wewaha. (72) Tinelasna tiang kopir,
mapan ta kawoela semah, jèn taksih ki-
norsakaké, kijai dados lampahan, nanging
karja poenika, roenijin kawoela ésoe, ma-
pan kinèn ngangkat koer'an. (73) Dan kinging
lamaan ngéwahi, dateng parintahing koer'an.

nging kawoela saèstoené, dèrèng soemoeroep-
sadaja, ing koer'an kang parèntah, marma
tijas koela kalang kaung, adjrih bilih kale-
patan. (74) Kangdjeng Pangran Pangkoeboemi,
mapan aris angandika, koeloep tan ngapa a-
koe arè, apan akèh pra ngoelama, kang soe-
moeroep artinja, ing koer'an parèntahipoen,
wang namoeng darma pratéla, (75) Koeloep ma-
rang ing sirèki, endi kang sira karsakna, wang
ngalim Ngajogija kabèh, mèsem ritang misésa,
aris dènnijo ngandika, kijai lerep poenikoe,
nging koela kirang pratjaja. (76) Kijai sampé-
jan rèndjangi, naewoen damateng Hijang Soek-
sma, roemijin kawoela onan, tiang kakalih
poenika, amoelang wonten madja, keweran
sasoenggilipoen, poenika koela pratjaja. (77) Dé-
né sawangipoen kalih, pan samija petir te-
kannja, kados adjrih mring Hijang manan,
kalamoen angiwahana, mring parentahing-
koer'an, kewaran tijangipoen sepoeh, ing ma-
dja anèm poenika. (78) Kangdjeng Pangran Pang-
koeboemi, mapan aris atatanja, pa sira woes
tepoeng anggèr, ri tang tiniwi ngandika, ing-
gih sampoen sapisan, noelijo pitoeloeng Hijang

p 142



Agoeng, tan antara kijai Madja. (80) Prapta
lan saanak rabi, tan api lan kaoela warga, ri-
sang soekoer ning Hijang manon, lawan aris
angandika, kijai kirang satoenggal, noelija
na marma Hijang agoeng, ki kewoeron prap-
taniro. (81) Mapan anaeng let sawengi; bekta
saanak poetoenja, sakaela wargané kabèh,
ri sampoen prapta sadaja, sagoeng kang pra-
ngoelama, ri sang siniwaking poepoeh, sini-
wi ing Masdjid noelija. (82) Pepak sagoeng
ingkang sinangkil, ingkang rama datan be-
kah, Djeng Pangran Mangkoeboeminé, ingkang
raji manggiing ngarsa, Pangéran Soerjèngloga,
risang pramoedèng ngapoepoeh, mapan aris angan-
dika. (83) Heh sakihé sanak mami, sagoeng ing-
kang pra ngoelama, sarib kalawan kadjiné, jèn
ing mengko karsaning wang, ijo si paman Ma-
dja, pan ingsoen lilani ikoe, jèn matoera ma-
rang ing wang. (84) Sabarang parèntah iki, ingkang
mami djroning kaer'an, pama adja wedi mang-
kó, ki Madja matoer sandika, ri sang malih-
ngandika, hèh sagoeng ing sanaking soen, Pandi-
ta lan pra Ngoelama. (85) Sarib otanapi kadji,
loh ojo pada toentoenan, ngangkat adil Hijang

manon, sadaja atoer sandika, ri sang noelija
loearan, samana ki Nadja, ikoe, mondok nèng p.143.
masdjid kèwola. (86) Lan kijai keweran iki,
nging repotiro sadaja, noenggil nèng lèpèn
Sokané, winarna nagri Ngajagijo, apan woes
dadijo wana, bang-abangan siang daloe, woes
telas sagoenging wisma. (87) Gedé tjilik datan
kari, mang kantoen Kadatoniro, ladji saka-
wan Masdjidé, Danoerdjan Pakoe Alaman, la-
wan Wironagoran, sadaja woes sirna ikoe, kiné-
poeng nagri Ngajagijo. (88) Napan woes tan keni
nidjil, Senapati sanijo ngasas, arsa benedah
amangko, ri sang mapan tan kalilan, kinin
ngepang kèwola, mang sinoeprih ingetipoen,
sagoenging para santana. (89) Sanaana woes me- mengdawa
dal sami, kang raji-raji sadaja, tan kari lan
Pangoeloené, Ketib, Modin lan Marbatnja,
mang kantoen kalih ika, Pangéran Soerjo-
brangta koe, lan Pangeran Soerjawidjaja. (90) Lan
ing kang poetra satoenggil, Pangeran Dipa-
koesoema, ginedong nèng ladji mangko, mijaj
sagoeng kang éjang-éjang, lawan kang pa-
man-paman, ingkang maksih sanija kan-
toen, sangkoeng sanija kawlas arsa. (91) Nanging





ingkang paman kalih, kang saged noesoel poenika, noelija pinaringna manèh, ingkang sepoeh pinaringan, Pangran Mangkoedipoera, ingkang anèm namanipoen, Pangran Tanengah poenika. (92) Lawan ingkang rai tami, Dènmas Soetèp pinaringan, Pangran Adinagarané, Dèn mas Grantol namanira, Pangran Soerjadipoera, Dèn mas Dandang namanipoen, Pangran Soerjadi poenika. (93) Dèn mas Tjangkik namanèki, Pan Pangéran Tepasana, Silarang langkoeng kardjané, mangkana Setjanagara, mapan apoer oeninga, ing Dimaja baris agoeng, saking Kedoe praptanira. (94) Ingkang ngirid Wolandèki, Dijan Toemenggoeng Danoeningrat, langkoeng kalih èwoe kèhé, marmanja atoer oeninga, raemaos tan kawawa, Setjanagara poenikoe, kalawan Kartanagara. (95) Mapan ladjeng den bandani, nama pradjoerit Baelkija, pan tigangatoes katahipoen, langkoeng tigawelas ika, kang dados pangiridnja, ki Machamad Bahwi ikoe, ~~nanging tijasnja~~, Pangoeloe doek Tegalardja. (96) Sampoen sepoeh wajah nèki, nanging tijasnja langkoeng socra, tan kalitan

p.144

meksa baé, pan kapengin pedjah ika, ing nga-
prang sabillolah, noelija pinaringna pékoe, Moch-
amad Ngoesman libasah.(97) Toemenggoengira ka-
kalih, pradjoerit Boelkija ika, kadji Ngabdoel-
kadir rani, kang sisih kadji Moestopa, kalihnja
tongkoeng soera, lawan binektanan ikoe, Ngoela-
minja kalih ika.(98) Kijai goeroe melangi, Moch-
amad Salim namanja, lan kijai kasangani, Ngab-
doel Rangoeb ingkang nama, Pandita pan sa-
tonggal, Ngab doel Latip namanipoen, samana
pan ladjeng boedal.(99) Saking ing Silarong iki,
gangsal atoes winatara, sadaja kalem pakané,
sam poen prapta ing Dimaja, ladjeng ajoen-
ajoenan, pan sampoen tinata ikoe, kang dadija
pangawat kanan,(100) Toemenggoeng Setjanagara,
Boelkija kang dadija dada, kering Kartanaga-
rané, noelija Ngoesman Alibasah, ngabani-
kantjanira, Boelkija pan sareng madjoe, orem-
peg pangamoekira.(101) Tengara bedoeg tinitir,
goeng tamija moenja gagana, sing koeta win-
doe angsoli, kijai Ngoesman libasah, waos man-
ding kang paringan, waos poesaka poenikoe, a-
awasta ki Baroe toeba.(102) Apan ladjeng moeroep
iki, marma wadija Boelkija, tan wonten oewas.

p 145.

manahé, marijem woes kalantjangan, moeng
moengel kaping tiga, saking rikat pladjengi-
poen, ngedril woes tan linegéwa.[103] Ladjeng-
koewel ing ngadjarit, sandjata woes dalan-
moenja, tjaroeb waos lan sangkoehé, pedang
lawan doewoeng ika, Rahaden Danoeningrat,
ing joeda mapan kapanggoeh, lan ki Ngoes-
man Alibasah.[104] Langkoeng ramining nga-
djoerit, kapanggih sami soedira, nanging kar-
saning Hijang manon, Dijan Danoeningrat koe-
tjiwa, mapan sampoen palastra, batang sara-
dadoe saempoek, kedik kang gesang loemadjar.
[105] Mapan sami den soesoeti, kèn kètjèr saenggan-
enggannja, islam loedjeng sadajané, nanging
woes karsaning Soeksma, kijai melangi prapta,
sabil lolah marginipoen, kenging lantaking
sandjata.[106] Saradadoe ingkang bedil, pan sa-
king kasoepéniro, tan ngantos mendet lan-
také, noelija tinamboek santrinja, sarada-
doe woes pedjah, pan katah bandanganipoen,
marijem lawan sandjata.[107] Obat lawan mi-
miséki, atanapi kang sandangan, ki Ngoes-
man mantoek mangké, kalawan sak kantja-
nira, moeng taer soerat kiwola, jèn wiloedjeng

kantjanipoen, ladjeng baris Kedoe ika. (108) Doe-
soen Pesantrèn dèn gani, Boelkija nenggih baris-
njo, samana tanah Djawané, langkoeng ramé-
ning ngajoeda, ing soenggèn-singgènira, pasi-
sir mantja nagrikoe, Padjang lawan Sokawatijo.
(109) Goenoeng kidoel Djawi kéri, Ledok Gowong lan
Banjoemas, mangkana kang winiraos, ing Kedoe
kantoen satoenggal, Radèn Soemadilaga, ing-
Parakan nagrinipoen, ingkang tan nedija gi-
risa. „Goerisa" (110) Mapan ladjeng nginggaha-
na, saking Ledok Gowong ika, Mas Toemeng-
goeng Andangkara, ing Gowonggadjah perma-
da, (1) ingkang dadija pangiridnjo, Mas Rangga
Prawirajoeda, ing Paraakan sampoen prapta,
noelija pinetoeking joeda. (2) Soemadilaga-
koetjiwa, mangkana sampoen palastra, ingkang
medjahi poenika, pan Demangira prijangga,
(3) Setjapati namanira, woes bedah Parakan i-
ka, mangkana ingkang winarna, sagunging
poetra santana. (4) Kang dadijo Senopatika,
sadaja sami soelaja, lan ingkang ngembani-
ika, Pangéran Hadiwidjajo, (5) Pangéran Djaja-
koesoema, Mangkoedinigrat poenika, lan
Pangéran Natapradja, Pangéran Boebakar-

p 146

VOL III
p. 1.-40
[266 verses]
CANTO
23

ika. (6) Pangéran Balitar ija, sadaja ngandi-
kan noelija, mring Silarong sampoen prop-
ta, ladjeng tan pinaring karja, (7) nging Pange-
ran Balitarika, noewoen mring Baglèn kèwo-
la, sanadijan silih kèndela, Mangkoediningrat
poenika. (8) Lan Pangéran Natapradja, sadaja
lan sadèrèknja, pan kinèn mring Kedoe samja,
(9) Baris ing Langon poenika, mangkana ing-
kang winarna. Djéndral De Kock sampoen prop-
ta, saking Samarang, sawadija, ing nagari Soe-
rakarta. (10) Ladjeng daoemateng Ngajāgija, ngé-
riggoeng poetra santana, ing Soerakarta sada-
ja, lan Pangran Mangkoenagara. (11) Samarga-mar-
ga ajoeda, nanging gaing kang djagi marga, sa-
sadaja tana koewawa, saking katah balanira.
(12) Samana apan woes propta, Djéndral ing Nga-
jogjakarta, ladjeng hakin tam nawala, -
p147
mring risang moertining joeda, (12) Boepati ing-
kang dinoeta, Ronadiningrat namanja, ma-
pan sampoen apapanggija, lawan Pangran
Soerjènglaga. (13) Woes katoer ingkang nawala,
mring Pangran Soerjènglaga, kang doeta ing
ngandeg noelija, apan kinèn ngantosana,
(14) katoeré ingkang nawala, mring kang pi-

nembah ngajoeda, mangkana ingkang winar-
na, Djeng risang mijos sinéba. (15) Mangwing
Mosdjid ageng ika, pepak kang para Ngoela-
ma, Pandita Sarib Kadji ka, mijang sagoeng
poetra santana, (16) tanapi kang pro prasiwa,
goeng- agoeng manggwing ing ngarsa, tan se-
bih, lawan kang rama, ki Modjo ki Kawron
ika. (17) Noelijo Pangran Soerjenglaga, ngatoera-
ken kang nawola, saking Djéndral De Kock
ika, miring risang moeksining joeda, (18) mangka-
na alon ngandika, waoe doemateng kang rama
Djeng Pangran Mangkoeboemi ka, kijai Mangsa-
bodoa. (19) Kolawan ti paman Modjo, wongsoel-
tan lajang poenika, kawoela waos tan oeninga,
djen rembaga kang prajoga, (20) noelijo koendoer
kang sinéba, koendoer masanggrahan ika,
Kang djeng Pangran kantaun ika, neng Mos-
djid lawan ki Modja. (21) Lan Pangéran Soerjeng-
laga, * badé wangsoelanira, (22) miring Djéndral De-
Kock soemoelija, semboeng ingkang kara-
kara, poenika ingkang nawola, Djeng Pangran
Mangkoeboeminja. (23) Dateng ingkang saaeda-
ra, Djéndral De Koch ritampoeninja, tabé
kawoela poenika, dene djengandika sanjo,

< verse 21 shortened

* "pangéran Djaja- kusuma Samja angrambog nawala, Badé ... punika ingkang nawala Djeng Pangéran Mangkubuminja.





p. 148

verse 26 omitted

(24) menggah karsané ki Harja, èstoe jèn tan dar-
bé karsa, roemijin sapoenika, nging loehoer-
ing kang Agama. (25) Ing tanah Djawa sadaja,
kalamoen èstoe andika. ‖ tan makèwedi poe-
nika, mring Agamané ki Harja, (27) ‖ Islamé ing
tanah Djâwa, pan inggih poenan ki Harja,
panggih lawan Djengandika, ananing neda
prasanda. (28) Etjâp lawan kang prasèla, se-
modos ing dinten nira, lan poendi enggèn pa-
panggijo, jèn andika bekso bola, (29) ki Harjo bekta
bola, jèn Djengandika prijangga, inggih priba-
di ki Harja, woes titi ingkang nawala. (30) sampoen
pinaring ken tigra, mring Ranadiningrat ika,
kinèn mantoek mring Ngajoegijo, mapan woes
dosan winarna, (31) ing Silarang kawarnaha, Ri-
tang misèsèng ngalaga, ginoebel kang pra-
Ngoelama, mijang sagoeng poetra santana.

mistake in Hzen numbers]

(34) Sarip Kadji lan Pandita, sanapi kang prapra-
tiwa, ki Kaweran lan ki Modjo, kang rama
sanget toer rira, (35) ngatoeran djoemeneng Nata,
sabab èwed hoekoemira, kang samijo propta
sabilnja, lan tijang angaben bola. (36) Poenika
Djèndral woes propta, lamoen dosan djoe-
menenga, sajekti apan koetjiwa, lan katoh-

manahé, marijem woes kalantjangan, moeng
moengel kaping tiga, saking rikat pladjengi-
poen, ngedril woes tan linegéwa.[103] Ladjeng-
koewel ing ngadjarit, sandjata woes dalan-
moenja, tjaroeb waos lan sangkoehé, pedang
lawan doewoeng ika, Rahadén Danoeningrat,
ing joeda mapan kapanggoeh, lan ki Ngoes-
man Alibasah.[104] Langkoeng ramening nga-
djoerit, kapanggih sami soedira, nanging kar-
saning Hijang manon, Dijan Danoeningrat koe-
tjiwa, mapan sampoen palastra, batang sara-
dadoe soempoek, kedik kang gesang loemadjar.
[105] Mapan sami den soesoeti, kin kidjer saenggan-
enggannja, islam loedjeng sadajané, nanging
woes karsaning Soeksma, kijai melangi prapta,
sabil lolah marginipoen, kenging lantaking
sandjata.[106] Saradadoe ingkang bedil, pan sa-
king kasoepeniro, tan ngantos mendet lan-
také, noelija tinaembak santrinja, sarada-
doe woes pedjah, pan katah bandanganipoen
marijem lawan sandjata.[107] Obat lawan mi-
misèki, atanapi kang sandangan, ki Ngoes-
man mantoek mangké, kalawan sak kantja-
nira, moeng taer soerat kiwala, jèn wiloedjeng

pakéwet ira,[37] kang aprang panggah bitjara,
sabab woes samija Naréndra, dadija tan won-
ten koetjiwa, kantoen pasrah mring Hijang
Soeksma,[38] Djeng Pangéran Mangkoeboemika,
ngarih-arih mring kang poetra, sanget a-
ris angandika, koeloep welasa mring bala,
[39] lan manawa dingin ana, ija wangsiting
Hijang Soeksma, déné dadining ngajoeda,
mokal koeloep jèn sepija.[40] Déné dosan
koepira, wekasan mangkéné ija, Kisang
moertining ngajoeda, wekasan woedar kang
karsa,[39] mesem aris angandika, kijai roemè-
jin kawoela, njoepena wonten nawala, ing-
kang bekta tiang Hasdo,[40] Winaos moengel
mangkana, parentah koer'an poenika, kang
Sinoehoen Soeltan ika, Ngabdoel kamit Hè-
roe Tjokro,[41] kabiril Moekmin Sajida, Panata
Agama Djawa, Kalipah toer Rasoel ija, sa-
mijo ing Djawa sadaja.[42] Ing kang bekta la-
djeng moesna, serat tjinemploengaken taja,
Djeng Pangéran Mangkoeboemi ka, langkoeng
lega ing tijasira,[43] kijai Kaweron mangkana,
atanapi kijai Modja, inggih poenika pra-
téla, kalamoen wangsit Hijang Soeksma.

[amstoc in regen wanstas]

p 149





(44) Djeng Pangran Mangkoeboemi ika, noelija kinèn nimbalana, mring Pangèran Soerjèng laga, tan antara noelija prapta, (45) ing ngarsanira ingkang rama, Djeng Pangran Mangkoeboemika, apan aris angandika hèh ta kolé Soerjèng laga. (46) Besoek Senèn parentahna, mring sagoeng poetra santono, kalawan kang para Dipatija, Mantri pradjoerit kang ana, (47) lan andika kijai Modja, den pepak sagoeng Ngoelama, sarip Kadji lan Pandita, kalihnja matoer sandika. (48) Samana woes tan winarna, ing dinten Senèn poenika, (49) sampoen djoemeneng poenika, Djeng Sinoehoen Soeltan ija, Ngabdoel Kamit Hèroe Tjokro, Karibil Moekminin ika. (50) Sinaidan pra Ngoelama Sarip Kadji lan Pandita, mijang sagoeng poetra santana, kanapi kang pra prawira, (51) ri woes oloewaran namanja, langkoeng lega ing tijasira, sagoeng ingkang wadyo bala, Ngoelama soekoer ing Soeksma. (52) Ri woesnja gantijo sadina, angatoeri ingkang rama, nama pamembahan ika, Ngabdoel Raoef djoedjoelnja, (53) ingkang iboe namanira, Kangdjeng Ratoe Ageng ika, dènè namanè kang garwa, Djeng Ratoe Kadatan ija. (54) Wanten

p.150 malih ngadeerana, nama Ratoe iboe ika, ka-

prunoh sepoeh poenika, kalawan swargi kangra-
ma,[55] nanging sanès iboenira. Kangdjeng Soeltan
poetranira, Pangéran Dipanagara, pinaringan
nama ika.[56] Kangdjeng Pangéran Dipatija, kang
pra Djan Ontawirja, mapan pinaringan nama,
Pangéran Dipanagara,[57] wonten kang paman Sa-
djoega, Pangéran Djajakoesoema, pinaringan na-
ma ika, Pangéran Bèi poenika.[58] Poetranja pi-
naindoet noelija, mapan pinaringan nama, Pa-
ngéran Djajakoesoema, mangkanana woestan
winarna,[59] kawarna poetra santana, lan sagoeng
pra prawira, tanapi kang pra Ngoelama, pan
samija angarsa-harsa.[60] Nering Djéndral wong-
soelanira, ngantos lami antaranja, pan samija
kindel kewala, dadija sagoeng samija lena, -
[61] mangkana ing kang winarna, wonten Pandita
kang prapta, ing Madjasta pondokira, wasta
Nos Loerah poenika,[62] Nanging Pandita lala-
ra, saking Ngarab wijilira, Saèstoe Sarip poe-
nika, nanging namaer nama Djawa,[63] saking
remen mring Hyang Soeksma, pan woes sampé
dahar néndra, salat woes tanpa wektoenja,
datan wonten kendelira.[64] Ning Madjasta
dèn sikara, mring Pangran Mangkoenagara, -







[verse 65 omitted]

mapan parintah ing Walanda, dadija langkoeng
tresnanira, mapan tamijo ambekira, pan ètoe
nanggil kang karsa. (66) Waes pinaring pondoki-
ra, langgar alit djèro gènnja, ananggil Djeng
Soeltan ijo, tamijo langgar pondokira, (67) toben
Bakda salat ngisa. Mas Loerah sowan poenika
maring Kangdjeng Soeltan mangkana, pinoedjoe
sarèjan ika. (68) Mas loerah anoelija propta, la-
djeng metegi kang pada, sareng dangoe-dangoe
noelijo, Mas Loerah medal kang waspa. (69) Djeng
Soeltan arès atannjo, hèh Mas Loerah ana apa,
ijo gènè tiro karoena, Mas Loerah lan atoeri-
ro. (70) Anak Soeltan satoehnjo, toen lamam
weroeh maring tiro, jèn oepama gedang ika, ka-
jo toen oental-oentalla, (71) banget welas maring ti-
ro. Djeng Soeltan mèsem ngandika, tiro welas agè-
rèjo, Mas Loerah malih atoernjo. (72) Sirèkoe ma-
pan kinarjo, maring Allah Kalipah Djawa, pan
oro pinaring ika, kanti marang wang sadjoega,
(73) Kangdjeng Soeltan angandika, dènè liwang
ngèmpi tiro, pan iki satanah Djawa, woes
dadi rèwang koe pada. (74) Ngoelama lawan Pan-
dita, Sarif, ngoebtidan soehada, mapan akèh
tanah Djawa, opa dènè Kijai Madja, ~~ing bé~~.

p.151

(75) Mas Loerah aris atoernja, kabèh ikoe gèsèh pa-
da, ing bésoek wekasanira, Djeng Soeltan mè-
sem ngandika. (76) Sandijan kabèh gèseha, ing-
soen iki sotohoenja, (77) pan woes bosen aneng do-
nja, soen propsa saksi kewala, anak ija ma-
rang sira, moeng amrih sabil kéwala. (78) Wang-
kana woes tan winarna, kawarnaa kijai Mo-
dja, lan sagoeng kang pra Ngoelama, sanapi
kang pra prasiwa (79) mijang sagoeng poetra
santana, samija ngadjeng-adjeng ika, serat
Djéndral wangsoelannja, dadija ing tijas sa-
mijo léna. (80) Sanana mikir ing joeda, pan a-
moeng patemonira, kang samija dèn arsa-arsa
pan langkoeng katoeng koelira, (81) sagoeng ingkang
Sénapatija, ing Matoran pan sadaja, maksih
baris neng prenahnja, ngadjenganira prijang-
ga. (82) Samana pandoedjoe ika, ing dina Djoemoe-
oh ika, Djeng Soeltan arsa salosa, lawan sagoeng
pra Ngoelama, (83) anaalija nijarsa swara, mrijem
moengel tan antara, patjalang atoer oeninga,
jèn mengsoh ngedali joeda. (84) Langkoeng kasah
bolanira, Kang djeng Soeltan apan naelija, pa-
rentah kinen metoeka, mring Pangéran Soerjèng-
laga, (85) lan Pangéran Dipanagara, nanging woes-

p. 152





karsaning Soeksma, waoe Pangran Soerjenglaga, mapan sanget ribedira.(86) Dadija kang nindihi joeda, mang Pangran Dipanagara, kalih atoes winatara, pradjoeritira prijangga,(87) kalawan Djajanagara, kang baris kidoel sadaja, nging lang- koeng karobanira, dadija mang saang salira,(88) Pangeran Soerjeng laga, ngènggalken kadangan ika, dadija Djeng Soeltan pribadija,(89) ingkang njarirani joeda, hing iring kang pra Ngoelama, tan apī Mas taoerah ika, ki Keweran kijai Modjo, apa dèné ingkang rama.(90) Kang djeng Panembahan ika, ardi widjil sampoen prapta, noelija sinaba sadaja, pan nedja metoek ngajoeda,(91) Kang djeng Soeltan ris ngandika, waoe daemateng kang rama soewawi pinara tiga, kijai tiang poenika.(92) Sampoen angrampol kèwola, kaki keweran wangsoela, kanggoea Masdjid kèwola, lawan andika dadonga,(93) ki keweran taer sandika, waes wangsoel nring Masdjid Noelija, mangkana ingkang winarna, Djeng Pangeran Dipanagara,(94) Prapta lan sawadija nira, malaer sampain tan kaewa- wa, kang meng sah lang koeng agenguja, waes- prapta katjepit ika,(95) Kangdjeng Soeltan ris ngandika, waoe daemateng kang rama, soe-

rawi angedoem kaja, ¶ Sampéjan anindikana. p. 153
(96) Woes tamtoe pinara tiga, kijai Modja kang sa-doeman, noelija tinata barisnja, sampoen kar-saning Hijang Soeksma, (97) djalma tan kenging tinata, sareng dèn marijem ika, sanija boe-bar ngoengsi ika, ing wingkingira Djeng-Soeltan. (98) Kangdjeng Panembahan prapta, sakalijan kijai Modja, nerang paenika kang-karsa, wadija tan kenging ngobena, (99) Kang-djeng Soeltan angandika, kijai poenapa kang karsa, kawoela ngarah kéwala, Kangdjeng Panembahan nabda. (100) Koeloep jèn dangan lan sira, prajoga moendoer kéwala, wadijanira ka-jâ, pan woes tan kena tinata, (101) kijai Modja pan mangkana, apan sami atoerira, lawan Panem-bahan ika, samana ingkang winarna. (102) Sira-Pangeran Soerjenglaga, prapta lan sapradjoerit-nja, pan api poetra santana, nging sampoen sasanpa karjâ, (103) ladjeng kinen moendoer i-ka, kalang koeng dènnja kasesa, kang meng-soh bareng kéwala, lawan ngoedanani san-djata. (104) Sampoen karsaning Soeksma, sadéja boebrah tatanira, tan ana kang kawal joeda, loemadjeng sakarsa-karsa, (105) angrebat anak ra-





binja, kalangkaung deinja kasesa. Kang djeng
Soeltan kang winarna, rangoe-rangoe lampahira
(106) Tarma datan tahan tanija, mijosa swara mi-
misira, dadija kasesaning bala, watara mang
kawandasa, (107) ingkang taksih dèrèk ika, Djeng-
Soeltan lampahira, ladjeng minggah dateng
ngarga, kang mengsa ngaengsir kèwala.
(108) Prapta pasanggrahan noelija, Silarong bines-
mi tanija, ki Kewoeran kang winarna, mak-
sih aneng Masdjid ika, (109) ladjeng kinepang kè-
vola, binanrandang ing tandjata, wantoe woes
sepoeh poenika, datan sagêd jèn kèsaha.

p. 154

(110) Tan ladjeng ginendong ika, bineksa loema-
djeng noelija, daematêng ing maerid ira, na-
radjang kèwola, (111) ladjeng pinedangan ika, na-
nging pitoeloenging Soektma, pedan tan ana
tanmama, kalawan kan gèndong ika. (112) Nanging
kitab koer'an tanija, anggelar kantam Mas-
djid tanggija, ladjeng rinisak sadaja, kang
masdjid binasmi noelija, (113) kawarna Pangeran
Di Tanja, lan Pangeran Soemanagara atoe-
boeng karsanira, prapta lan pradjoerit.
(114) Apan sira woes winatara, ladjeng noesoel
minggah ngarga, woes tjoendoek lawan Va-

rèndra, landjeng anoeng kemi pada, (115) Kangdjeng Soeltan lenggah ira, aning sanginggiling goe-a, ingkang dèrèk sinatara, namoeng kantoen kawan dasa. (116) Kijai Madja maenggèng ngarsa, lawan Radèn Natadirdja, mijang Pangran Dipanagara, lan Radèn Nataprawira, (117) Panembahan pisah ira, lan Pangran Ngabèhi noelija. — Kangdjeng Soeltan angandika, woes adi sira meneng a. (118) Noelija tata lenggah samija, Nata aris angandika, sira gawa bala pira, Djeng Pangran aris toer ira, (119) siwoe watawis kawoela, nging dèring dateng sadaja, saking kesesaning drija, Djeng Soeltan anantoen noelija, (120) Waoe dateng ki Madja, paran mengko kang prajoga, apa bandjoer binandjelan, ki Madja aris toeiro, (121) pan sampoen tanggel poenika, ingkang rinebat poenapa, loehoeng ngaso tata-tata, dateng lèpèn Soka. (122) Djeng Soeltan noeroet atoerrija, noelija aris angandika, woes adi ingsoen darèna, wadijanira oendoerena, (123) ingsoen arsa ngaso ija, dihin marang kali Soka, lawan kabèh dawoehana, sakèhi kang sinapatija. — (124) Kabèh dèn pada sameksa, djer Landa woes èstoe tjidra, Kangdjeng Pangran toer sandika,

p.155

sampoen lingsèr saking ngarsa,[125] lan Pangran
Soemanagara, Djeng Soeltan malih ngandika,
mring Dijan Pangalasan ika, lawan Mas Tang-
ngoenagara.[126] Lah pada sira karija, ananging
kéné kéwola, mrijem ingsoen kijai Naga ijo
ikoe sira pasanga, kalamoen Walanda ika,
noetoeti mring ingsoen noelija, marijem sira
oenèkena, kalihnja mosoer tandika.[127] Djeng
Soeltan loemampah noelija, moeng gamelan
ngampil poenika, ingkang dèrèk lampahnja,
atanapi kijai Tadjo[128] lan Pangran Dipanagara
lan Rangga. Dèn Natadiredja, tanapi Natapra-
wira, lawan Dijan Djaja Santana.[129] Lan pana-
kawan sadaenggal, Adam djaka namanira, -
mangkana kapetoek noelija, lan mas Laeroh
anèng marga,[130] Mas Laeroh aris atatanja, ngak-
Soeltan mring ngendi sira, Kangdjeng Soeltan
angandika. Joen ngaso mring kali Soka.[131] Mas
Laeroh malih atannja, bok ajo sobil kéwola,
[132] Djeng Soeltan kèndel sakala, mangkana-
osiking drija, woes bener Mas Laeroh sira nging
soen tasarrinilan Soeksma.[133] Sadina iki sir-
naha, pan adja kangsi kadawa. Kangdjeng
Soeltan angandika, mring Pangran Dipa-

[134] nagara, heh koeloep pradjoerit ika, saananè koe-
toerana, jèn taen arsa sobil ijo. Kangdjeng Soeltan
apan naelijo. [135] Angandikaken koerangga, pan Gi-
rismaun ingkang rama, lan kantoen Mas Loe-
roh ika, lan Rahadèn Natadirdja, [136] ing sadaja
winatara, ingkang sareng adjengira, lawan Djeng
Soeltan poenika, ki Wadja ngantèl kèwola. [137] Sa-
nèng waeri lebih ika, kalawan sawarganira, -
Kangdjeng Soeltan kang winarna, lan Mas Loe-
roh sampoen propsa, [138] inggènja baris Walanda,
apan rempek adjengira, tiang sadaja poeni-
ka, ladjeng ing edrèl sandjata. [139] Marijem
lan kalandaka, Gjirismaun dasan koewawa ana-
dahi mimi ika, dadija amagak kèwola, [140] Kang-
djeng Soeltan apan naelija, tedak saking koe-
rangga, nging soepé tan ngagem wastra,
[141] naelija ra panuaning saeksina. Warni tje-
meti poenika, mapan ladjeng anèng asta, Djeng
Soeltan anoeng poenika, kang kinarja ma-
goet joeda, [142] Mas Loeroh pedang agemnja, dé Ra-
haden Natadirdja, mapan angagem sandjata,
sakawan poen Adamdjaka, lan Raden Nata-
prawira. [144] Tiga Raden Djasentana, sakawan
Adamdjaka, gang sal kadji samsar ika, kang

p 156

mistake in Hagen text





sanijo nganggé sandjata, (145) ingkang nganggé wa-
os ija, Moechamad Maram wastanja, lan Moecha-
mad Djadar ika, lan Moechamat Djala soetra.
(146) Moechamad Melangi ika, kalawan Sèh Achmad
ija, saking Djoedah widjilira, amoeng pedang
anggènira. (147) Ladjeng ngamoek ing ngajoeda, -
nioesoep kaekoeting sandjata, pan ladjeng koe-
wel kèwala, Mas Loerah ing tandangira. (148) Ang-
nglir banténg tawan brana, angiwa nengen pe-
dangnja, sadaja mopan mangkana, belasah-
bangké ning ngarsa, (149) kang sanijo nganggé san-
djata, woes telas kang ngabat sanija, mang-
gineboegken kèwala, saking kijosira tan soe-
da. (150) Kang djeng Soeltan kang winarna, mobat-
mabit tembongira, woes brasta ingkang pa-
ngarsa, ing woeri saja kèh prapta, (151) kapir belasah
bangkènja, pan sampoen kasaning soektina,
Mas Loerah praptèng sabilnja, saking sanget
sajahira. (152) Tan pasah ingkang sarira, sadija
tanggal kang koekarpa, lawan bangké kapir
ika, mangkana ingkang winarna, (153) Rahaden Na-
taprawira, lawan Raden Djajatentana, sampoen
telas kang sandawa, lawan tatoe sentisira.
(154) Sinangkoeh mring kapir ika, moelat mring-

-p.157-

Djeng Soeltan samija, kalangkang dènnja bra-
mantija, mobat-mobèt landangira, [155] lir soepé poer-
wa doektina, dadija Dijan Nataprawira, lawan
Raden Natadirdja, katiga Dijan Djasentika. —
[156] Ira samija gandèli ika, hormatoer sarwi karoe-
na, Djeng Soeltan ngatoeran noelija, moendoer
ngaso ing ngajoeda, [157] kinipatken tan kena, noelija
na parmaning Soeksma, Djeng Soeltan inoet
sakala, dadijo noeroet moendoer noelija. [158] Mengsah
taja katah prapta, nanging tan poeroen boedjoe-
nga, pan amoeng ngedrèl kéwola, lawan mari-
jem poenika, [159] Djeng Soeltan ladjeng lampahira,
moendoer dateng lèpèn Soka, anenggih ingkang
winarna, Pangeran Dipanagara. [160] Lawan Panga-
losan ika, katiga Mangoen nagara, prapta tar-
ka bekda bola, harsa toemoet laeng ngajoeda, [161] woes
panggih sapih kang joeda, lan kesapoet daloe
ika, anoelija noesoel kéwola, doemateng lèpèn-
Soka. [162] Sampoen panggih lawan kang rama, Djeng
Soeltan ingkang winarna, mapan kendel satjanira,
kalih tan saged mengoea, [163] ing kang ladjeng sabil
ika, Pandita Mas Loerah ija, lan Moehamad Ke-
langika, Moehamad ing Djalasoetra. [164] Lawan
Mas Loerah gamel ika, Mas Sali sekar namanja,

p 158 II

nging kapir toempoek bangkenja, samana ingkang
winarna, [165] doloe Pangeran Bei prapta lan Pangeran
Djajakoesoema, ladjeng ngatoeri hoesada, dateng
Djeng Soeltan noelija. [166] Winarna Rahaden Rija,
Nataredja apan prapta, saking ing Kedoe poenika,
bekta bala sakawan dasa, [167] woes panggih lawan
ki Modja, ladjeng kiringken noelija, ngatoeri
Djeng Soeltan ika, leng ser saking lèpèn Soka.
[168] Semoe adjrih atoerira, Djeng Soeltan aris adanja,
ikoe sapa ingkang prapta, Dèjan Rija goegoep a-
toernja, [169] kawoela poen Nataredja, jèn paringtoer
prajoga, padoeka jèn tan lengsera, sinoehoen
ing lèpèn Soka. [170] Tan wandé kinepang ika,
lamoen padoeka lengsera, sinoetoesan daegi
hamba, mèsem Djeng Soeltan ngandika, [171] heh
ta ijo Nataredja, jèn melèk nètra manira,
ingsoen bali maning aega, mring Selarong-
bandjel jaida. [172] Nangkana ingkang winarna,
sareng endjing samija prapta, Kangdjeng Pa-
nembahan ika, lan Pangeran Proboe anaelija,
[173] kawingal dateng kang poetra, kintoep ka-
lih ingkang soetja, Panembahan apan noelija,
angrongkoel sarwi koroena. [174] Apan sarwi-
ngandika, daeh njawa ingsoen tan njana,-

tamam katemoe ing sira, Djeng Soeltan aris ngandika, (175) kijai toean kendela, kawoela taksih waloeja, mangkana parmaning Soeksma, wasara ing kalih dina. (176) Djeng Soeltan dangan gerahnja, lan wadija woes samija prapta, mapan ladjeng tini waka, Panembahan moenggèng ngoesa, (177) atan api kijai Yodja, djagar Pangran Bèi ika, lan Pangran Dipanagara, Pangran Praboe djadjarira, (178) Pangran Soerjèng ngalaga, kinimbalan datan prapta, mangkana rembagkan noelija, Kangdjèng Soeltan ris ngandika, (179) waoe daumateng kang rama, kijai kadjèng kawoela, soewawi apan daim karjo, sampéjan ingkang roemeksa. (180) Daumateng repat sadoja, sampoen kéran tijas koela, lawan paman Praboe ika, sadajo mangsa bodoha, (181) Panembahan tan lenggana, nanging Pangran Praboe ika, tijasira gadah soedira, pan sangetgènnja lenggana. (182) Apan remen dèrik jaeda, Djeng Soeltan noeroeti ika, pan woes dadi rembagira, kang djeng Panembahan noelija, (183) pamitan dateng kang poetra, linilan salaman noelija, neng goegeloe repat samija, mapan woes datan winarna. (184) Kangdjeng Soeltan kawar-

p. 159





noha, anantoen dateng ki Modja, lamoen ingkang
paman ika, tan api kang pra pratiwa, (185) proka-
wis tingkahing joeda, Pangran Bei atoeinja, -
pan mangsah barisnja, Silarong mangir poeni-
ka. (186) Soemangga karsa Narendra, Kangdjeng Soel-
tan angandika, kados poepapa saénja, apan-
djing-éndjing kawoela, (187) harsa manggoelang nga-
joeda, Pangéran Bei ataernjo, kalawan kijai Modjo-
jin pareng karsa Naréndro. (188) Kadjawi sareng ké-
wola, tinabet mengsah poenika, mrih sampoen
riding prang, sampoen bidal saking Tajakèndel
iki, lir werdoe hangga tasro. (50) Tan winarna mar-
ga sampoen prapti, Sri Narèndro ladjeng ma-
sanggrahan, ing doesoen sangkal namané, sa-
gaeng Basah poenikoe, tinimbalan mapan-
woes prapti, Pangran Soerjawidjojo, Pangran-
Soerjadikoe, lan Radèn Djajanagara, Kang-
djeng Soeltan ngandika mring Pangran Bèhi,
paman sampéjan tata. (51) Sagaeng baris kang
dering prajagi, Pangran Bèhi sandika atoer- p. 286
ngjo, gijo ninembok paajoginé, lan Basah tiga
sampoen, dadijo lintan kang baris sami, Pa-
ngran Soerjawidjojo, lan sakantjanipoen, Toe-
menggoeng Djajanagara, baris kilèn nenggih
Basah Ngabdoelatip, mapan baris neng wé-
tan. (52) Ingkang nindihi Basah Ngabdoelmaoji, kang-

pradjoerit Bagelen sadaja, déné Pangéran Soerjadiné, mangaler barisipoen, pan angirid para Dipati, wédan Jogijo sadaja, lan pinaring bantoe, Pangéran Dipakoesoema, lan Mas Boellah Reksosentana poeniki, Bosah kalih minongka. (53) Dadijo dada mapan anggentosi, barisiro Dijan Djojonagara, mapan ing kidoel parnahé, woes dadijo rembag sagoeng, noelija boedal bing tangkal sami, lintoe panggènan samijo, Sri-Narendra taemoet, aneng kidoel dadijo dada, sowan sagoeng wadijo A djro lan pro ngoelami, apan woes samijo prapta. (54) Ing parnahnija sawang sowang sami ladjeng tada baris mapan samijo, sang Nata pasanggrahané, aneng Darèn poenikoe, namoeng elet kang daesoen kalih, - kalawan Danalaja. samijo kantaen ikoe, kang Bosah kalih djedjeran, mapan ladjeng sadina dina adjoerit. Djendral kalakaung kiwan. (55) Ngaler ngidoel ngétan ngilen iki, tinadahan lanat katah pedjah, apan sein ngantep perangé, ewet girogolipoen, dèring dados kantaen sairing. Doellah Reksa Sentana, taer woenenga sampoen, mring Pangéran Béhi ika, sin get rogol mapan maeng kantaen sairing, Pangé-

p 287

ran Bèhi noelija. (56) Kembag lawan sagoeng-
sami, nadjeng sareng waes dinawoehan, pradjoe-
rit mijang Dipatiné, sareng èndjing pan sam-
poen, samija nembang tengareng djoerit la-
nat nimbangi noelija, waes pinara teloe, pan
dadan wonten koetjiwa, samija uja pradjoe-
rit Islam lan kapir, noelija tjampoeh ing-
joeda. (57) Tanpa roengan swaraning kang bedil,
bareng lawan kang marijemira, pan kadija
roking woekiré, gantija boeroe-binoeroe, dadan
wonten koetjiwa sami, kapir kalawan Islam,
mangkana winoewoes, Toemenggoeng Soeranaga-
ra, kang medal lèr sakantjanja sampoen-
prapti, nenggih ing Danapaja. (58) Ing panggèn-
nan geragal pamiki, kang djinoedjoek lang,
kaeng gegèrira, sagoeng répal lanat mangké,
namoeng kapalan sagoeng, ing kang darat pan
dèring prapti. Djèndral lang kaeng goegoep-
uja gijo marijem goepoeh, mangkana kang
aprang ngarsa, pelangkirnja salang maendoer
amadoli, ladjeng angedrèl samija. (59) Dadija
maendoer amadoli, Soeranagarèki, sakantja-
uja nging angsal gendèra, kapalan langkoeng
kakoené, kang darat mapan dangoe, dèn entasi






pan dèrèng praptè, apan kapetoek marga, ing sa-
oendoeripoen, lawan kang adarat samija, ka-
pir moertad ingkang boedjoeng wang sol sami,
mangkana ingkang joeda. (60) Dèrèng wonten
kang koedjiwa sami, sadangoenja sandjatan-
kèwala, tan saged tjampoeh joedané, Basah
kalawan ikoe, langkoeng kakoe bijas ira sami,
lanat tan poeroen nradjang, pan waos èring-
ikoe, lawan katah kinging ika, lanat kapir
Goesti Basah kang winarna, ngantos nradjang
prijangga. (61) Ingkang dèrèk maring Doelah
satoenggil, Abae Toengèb apan soeprih ira, Djeng
Goesti sinoeta baé, marang pradjoerit sagoeng,
p. 288
kadija sampoen karsaning Widdi, ing sadinten
poenika datan saged tjampoeh, lanat toelah
wadija Islam, malah ladjeng kasapoeting
daloe iki, pradjoerit moendoer sanija. (62) Da-
dija kantoen Goesti Basah kamil, lawan
Doelah Boesoengeb poenika, kinaroetoeg-
sandjatané, mring lanat toelah sagoeng,
Kangdjeng Soeltan langkoeng bijos nèki, dadija
toemoet poenika, nenggani pan ngantoen, man-
djing waktoe mah'rib ika, poenakawan kang
sowan namoeng satoenggil, Sengkoeni watta-

nira. (62) Pan ing ngaloes ngoendoerken nimbali, marang Basah Sengkoeni poenika, adjrih mingninis deresé, dedès ampingan kajoe, moelija Kangdjeng Soeltan pribadi, nimbali iring kang poetra. Basah Kamil moendoer, mangkana woes kan winarna, saben dina aprang neng Danalajèki, ngantos satengah tjandra. (63) Nadjan daloe awis kendèl niki, dadija katah lanat ingkang pedjah, nging woes dadi ingkang bèking. Djajanagara ikoe, weling atoer mingpangran Bèhi, jèn marengi Narèndra, pan prajogi kaoendoer, sabab bèsèng sampaen dadija, pan kawoela njagali tingga pribadi, inggih kalamaen medal. (64) Wektoe ikoe samja poedanèki, paeroenipoen kapir lawan Islam, karsaning Hijang woes papasten, opan tan nalé tjampoeh, namaeng samija bedilan iki, lanat lanwadija Islam, saben dina ikoe, kang sandjaka barandangan, lan marijam Ngajagija mangkana oegi. Djeng Pangran Aditoerja. (65) Ngabdoerrokim woe deenja ngrampit, mapanna, moeng bedilan kebola, ing Gawok mangkona maneh, ki Hoerawan poenikoe, marma samija kan andaek kardi, dadija epaer sada-

p.289 jä, nenggih pradjoeritipoen, sami ingkang
sinamï, Pangéran Bèhi matoer mring Djeng
Sri Baepati, lamoen Djajanagara. (66) Pan-
mangkana ing panoeoeneki, sabab bèteng
mangké sampoen dadëjä, sagah tengga sa-
kantjanira, mangkana kang winaewaes ma-
pan ladjeng kinën nimbali, ingkang Basah
sakawan, prapta gijo tinantaen, lamaen-
Dijan Djajanagara, pan mangkana atoernjä
marang Narpati, Basah Ngaesman atoernjä.
(67) Apan inggih kalang kaeng prajagi, kabih nga-
so kang kantja sadajä, nging jën pareng pra-
jäginé, pan sae mawi sangae, ngantep djoe-
rit ing béndjing-éndjing. Basah rembag sa-
dajä, soekaer inggih lamaen, wonten pitoe-
laeng Kijang Soekma, saged bedah angsala
tjarias sami, sampoen anglaha kiwala.
(68) Kandja Basah inggih béndjing-éndjing, a-
pan samija dadosa pangarta, lan Doelah
Rangga Sandjiné, kidael Ngabèhi sagoeng,
kantja djadjar kang aneng wori, sampoen rem-
bag sadajä, noeli samija moendoer, saking-
Angersa Narëndra, éndjing noelija nembang-
kengaraning djoerit, apan kadéja simajan.

(69) Lanas taeloh pan mangkono oegi, ladjeng tjampoeh nenggih ingkang joeda, kapetoek sanija madjengé, mrijem kan ngantos ikoe, moengel ladjeng aroekes naeli, sandjata lit poenika, maeng sakedap ikoe, pan ladjeng tjaraik kewola, songkoeh lawan waas wang kapir kalindeh, balasah bangkenira. (70) Dan kaboeroe kapir joedaniki, ladjeng ngoengsi mandjing beteng sanija, lawan ngedoel marijemé, Islam pan menggah sagoeng, genija boedjoeng pan wangsoel sami, mangkana ingkang prapta, nenggih sabilipoen, ja mas Doellah Djajeng srija, lan Mas Sandji Bindara lawan Ngabehi, Setilih Soema tingal. (71) Lawan kadji ing Gading saboenggil, Seh Moechamad Kahir namanira, lan Ngabehi Soerjadimé, lan Sandji Samsamakoe, apan kalih kang prapta sabil, Rangga Bagelen tiga, kang lija poenikoe, Islam wiloedjeng sadaja, lanas kalah bangbelasah bangkenireki, tigang atoes wadara. (72) Enengena pan waes kan winarni, kawarnaha Sang Nata karsanja, Mas Doelah sasantanané, pan linimbanan ikoe, kinèn nanggil wanpen Magiri, sabab owel prangira, mapan-

p. 290






langkoeng poeroen, Djéndral De Kock kang sinarna, sampoen mantoek saking Danalaja iki, apan dateng Ngajogija. (73) Apan daloe boedalira iki, Sri Narèndra woes ngatoeran wikan, jèn Djéndral woes sepi rxang kė, kantoen kang tengga ikoe, Danalaja lawan poenikė, Pangeran Notopradja, tjoewa tijas Sang Praboe, Basah Ngabdoellatip lawan, Basah Ngabdoelmachji kinèn mantoek noeli, lan sapradjoeritira. (74) Ing Bagelèn mangkana Narpati, ladjeng boedalan sabala koeswa, kaendoer nring Tajakindelé, ing Danalaja ikoe, mapan ingkang kinèn ngenggeni, Pangran Soerjawidjaja, lan Radèn Toemenggoeng, Djaja naggara poenika, sakantjanja ladjeng dadan saged midjil, kang anèng Danalaja. (75) Kawarnaha woe Sri Boepati, kaendoerira ngoebengi Ngajogija, Djeng Pangran Bèhi atoeré, manawi Djéndralė ikoe, maksih poeroen pasti ngedali, kang sinaprih poenika, mapan kang sinoeroeł, ladjeng. Kangdjeng Sri Narèndra, ameng-ameng nring Padjang njàré ketanggi, antawis pitoeng dina. (76) Lanat taeloh langkoeng kendoel nèki, kang kalmargèn pan kèn-

p. 291

dèl kèwala, lan winarna nis karuné, Sang Nata sampoen rawoeh, Tojakèndel sawadèjanèki, mapan woes lan winarna, jà ta kang winoewoes, wonten Djèndral molih propta. Commissaris De Buiss wostané poeniki, pan anglaras Djèndral De Koek ika, wakil Radja Walanda. (77) Bekkobala langkoeng katah nèki, pan anglarad Djèndral De Koek ika, ladjeng akintoen soerodé, kertas ageng poenikoe, lan pratanda ageng poeniki, daemateng Kandjeng Soeltan, woes tinampèn ikoe, nenggih dateng Kijai Nodja, ladjeng katoer daemateng Sri Narapatī, mangkana Sri Narindra. (78) Apan lagija pinarak pandapi, lan kang rama Kangdjeng Panembahan, Pangeran Ngabèhi ngarsané, poetra santana sagoeng, nijang pradiwa noeng-anoeng sami, andèr soemiweng ngarsa, nira Sang Sinoehoen, ki Nodjo ngatoerken serat, apan saking nenggih Djèndral Commissaris, wakil Radjà Walanda. (79) Apan noelija kinèn maos iki, apan katah kang datan sinoerat, pan amoeng parlouné baé, mangkana oengelipoen, sasampoené nenggih kang taklim, kawoela katah-katah, Djèndral De Bus aeloen,






prajogi moegi katoera, pan daematèng ing-
kang sahoedara ngaeni, Pangéran Dipana-
gara. (80) Ingkang sampoen linilan Hjang
Widdi, pan djoemeneng kang Sinoehoen Soel-
tan, Ngabdoelkamid paparabé, kang djinoen-
djoeng nring sagoeng, ingkang para Ngoela-
mi, nijang kang para Padika, Sarip soehadi-
koe, Kadji lawan Moelana, sinaidan kala-
wan prang ageng iki, ngangkat Qoer'an nga-
dibrija. (81) Loehoeripoen Islam tanah Djawi,
kang Kalipah Kangdjeng Rasoellolah, mas-
p.292
tani ing tanah Djawa kabèh, marma Toer-
soerat oelaen, pan kinarja loehoer sajekti, da-
teng Radja Djawa Wanda, mapan badé sagoeng,
inggih ngèstokken sadaja, djoemeneng ija
Ratoe Islam tanah Djawi, lan badé dèrèk
ika. (82) Angloehoerken nring agama Nabi,
sami ingkang wonten ing tanah Djawa, ka-
woela anaenoewaen manèh, ing oprang kèndèl-
poen, lamoen pareng nedija bedami, mapan
inggih kawoela, binektanan sampoen, ing-
kang bjop Radja Walanda, marmanipoen
soewawi, sami papanggih, amba njarah-
kang karsa. (83) Kang Sinoehoen Kangdjeng-

Soeltan jekti, pan ing poendi kawoela soemang-
ga, titi soeras idjawané, Kangdjeng Soeltan-
gijo nantaen, mring sagoenging sewaka sami,
Panembahan atoernja, pan prajogi ikoe, ija Soel-
tan manggihana, woes pratela jèn ikoe wakil
sajekti, pan woes ara koedjiwa. (84) Nadyan ka-
pir pan pada Narpati, Soeltan Ratoe Islam
tanah Djāwa, Djèndral Commissaris koewé,
apan wakil satoehoe, ija Radja Walanda jekti,
pratanda ingkang etjap, woes pratéla ikoe, da-
dijo woes datan koeṯjiwa, Pangran Bèhi nijang
sagoeng rembag pan sami, namoeng kijai-
Modja. (85) Datan rembag yangkana toernè-
ki, mapan èwed ing dalil poenikoe, Ratoe
Islam satoehoené, tan wanten saminipoen,
nadyan inggih Radja Walandi, pan dateng-
nga prijangga, datan angsal toehoe, pang-
gih lawan Sri Narèndra, sampoen malih Djèn-
dral Commissaris wakil, poenika jèn angsala.
(86) Lamaen Kangdjeng Soeltan ngantos panggih,
dados ngasarakeu kang Agama, apan ageng
sisikoené, dadijo kendel sadaraem, sabab-
Dalil ampoenganèkè, mangkana pra Ngoela-
ma, pan adjrih sadaraem, mabeni Kijai Modja-
marang.

F

p. 293






sabab ikoe kang woes den lilani dingin, matoer mring Sri Narendra. (87) Lamoen wanten kang Ngoelama iki, poeroen matoer pan sinatroe noeljo, marma adjrih sadajané, mapan ing waktoe ikoe, kijai Yadja tetekonèki, katah boetarepanja, lan tekaboeripoen, mapantasadina-dina, nadijan tilih anak moeridnjo pribadi, jèn asring ngandikan. (88) Pan sinatroe marma sami adjrih, Panembahan aris angandika, paran dadi prajogané, pratingkah Agamekoe, jèn ing ngadat kang dingin-dingin, koela dereng oeninga, lir Soeltan poenikoe, kang sineboet Radjalanda, wakil monten jèn poen gawa etjap vèki, poenikoe tan pra béda. (89) Lan boedjoedé ingkang den wakili, marma koela ngatoeri prajogo, Soeltan pan panggiha déwé, pan koela dereng weroeh, warsanira Ratoe kang dingin, awit tjang Yangkoeras saparikì nikoe, ngantimoedaen Radja Landa, jèn adaté maeng Djèndral kang neng Batawi, De Kock nikoe timbangnja. (90) Ingkang ngangkat Ratoe tanah Djawi, marma ing kijat koela loewih lega, pan poendjoel tatan adaté, tam-

pané kijas satoehoe, gih paenikoe loehoer Agami, kijai Wadja toerira, pan sarwi basengoet, pan maksih tanès paenika, Rasae donja kalawan Rasae ngakir, Rasae donja kang ngangkat. (91) Lanatoelah pan Rasae Agami, ingkang ngangkat pan sagaeng ngoelama, poetra dalem oepamiwé inggih ngantos sapanggoeh, lawan kapir dalil tan kenging, njoedakaken nœgrahan, soedarah matipaen. Panembahan angandika, mangsa badowa kaela tan ngarti dalil, maeng adat tanah Djawa. (92) Dèreng wonten lir Soeltan poeniki, Sri Narendro aris angandika, sampoenta kijai kadjengé, lamaen dalil saestoe, ingkang njegah parintah nèki, saèstoené poenika, Qoer'an kang kaela noet kinadja pan mangkana, langkoeng bingah ing ngilonan kadjengnèki, ngraos jen angsal karja. (93) Kangdjeng Soeltan angandika malih, hèh ki Wadja paran projaga, ing Dalil Qoer'an soeroepé, mapan soen iki tœhoe, ingkang dadija èstinging ngati, namaeng darma kewolo, anglakani ingsoen, sabarang parintahira, lamoen Qaer'an ingsoen tanedija gaeningsoe, kijai Wadja toerira. (94) Dan makaten parintah-

p. 294






ing Dalil, boten kenging padoeka jen panggijo,
jen kapir poenika dèrèng, apasrah badanipoen,
nadijan sampoen pasrah oepami, lamoen wakil
kiwala, boten kenging toehoe, jèn dédé Radja
Walada, sapoenika pan sampoen tétéla jekti
kandaping lanakkalah. (95) Seratipoen Djèn-
dral Commissaris, apan sampoen tétéla poe-
nika, anglarat Djèndral De Kocke, Djèn-
dral Van Geen pan sampoen, dadan wanten-
ing kang pawarti, Djèndral De Kock poeni-
ka, anggentosi ìstoe, Djèndral Van Geen kar-
janira, mapan Djèndral Commissaris kang
anggentosi, Djèndral De Kock kang karja.
(96) Dadas dèrèng nindak lir soemijir, kala Djèn-
dral De Kock atoer soeras, nging sampoen-
djangkep, samangké, nenggih witjalanipoen,
p.295. padang lawan bitjaten nèki, Commissaris-
poenika, omba timbangipoen." Dock Djèn-
dral De Kock poenika, timbangipoen la-
wan Pangéran Bèhi, mèsem Sri Nara Nata.
(97) Hèh ja aewis sira tam soeroeti, lamoen nikoe
parentah ing Qoer'an, nging dèn pada man-
tep baé, karjaha ang soel-ang soel, lajang ma-
rang ing Commissaris, ki Yodja toer sandika,



soes loewar Sang Praboe, ki Yadja karja noewola,
ang soel-ang soel marang Djèndral Commissaris,
winaonan tan kena. (98) Ing kang paroe nring Pa-
ngèran Bèhi, mapan lawan kangdjeng Panem-
bahan, ki Yadja bengis atoeré, sampéjan sam-
paen kamtoe, dèrèng pirsa sisikoeniki, nang-
gih ing dalem Qoer'an, mijang ngoelama ta-
goeng, poenika mongsa pirtaha, lamoen dè-
ring ngaos nan sih mantoeh nèki, djroning
Qoer'an asmara. (99) „- Asmaradana -" Pangeran
Bèhi langkoeng adjrih, lawan Kangdjeng Panem-
bahan, sabab Qoer'an ampoenganė, dadija na-
maeng kijai Yadja, kang mangsoeli poenika, soe-
rasan pratandanipoen, marang Commissaris
Djèndral. (1) Hoengelnja soeratirèki, mapan
kadija atoerira, ki Yadja marang Sang Katong,
dadijo langkoeng saraenira, mangkana bob-
ing joeda, poenika kang kèndel èstoe, datan
kèni antaranja. (2) Apan wanten soerat malih,
ing kang kakalih poenika, De Kock lan De Bus
soeratė, mangkana idjenanira, maeng parloené
kèwolo, Djèndral Commissaris ikoe, lamaen-
mangké karsanira. (3) Kang parèntah wangsoel
malih, nring Djèndral De Kock sadaja, ma-

Vol III
Canto
30
[pp 259-
335]
147
verses]






loh kang pratanda mangké, Djéndral Cam-
missaris ika, pan mawi ing ngalingan, kinoe-
beng djinarèk ikoe, pratandané woes pratjaja. p.296
(4) Sarang Djéndral De Kock malih, Djéndral
De Kock pratandannjo, apan ingnginggil tan-
dané, woerinjo amalang kadak, nging soeras
maktih ika, namtakaken ngadjak panggoeh,
lan moengel kang woes nisésa. (5) Darat saga-
ra mijang wrekir, lan ngadjak samija dajanja,
ki Madja pan wangsoelané, ngadjak panggih Djo-
ha lanang, mangkana kang winarna, woes prap-
ta samajanipoen, ki Madja noelija paréntah.
(6) Nenggih Basah Ngabdoelmoehji, Bagelèn
pan tinimbalan, mapan sèwoe pradjoerité,
mangkana paréntahira, nenggih kijai Madjo,
kalamoen sida kapanggoeh, lan Djéndral a-
djà koetjiwa. (7) Dasan séga Sri Boepati, wa-
oe daoeng ki Madjo, sang Nata pan taemoes
mangko, ananging anamoer kéwala, jèn sios
soha panggija Djéndral lan ki Madja ikoe,
sang Nata mapan mangkana. (8) Karsanja
woes tan winarna, saking Tajakindel boedal,
mijang sawadija kaeswa kabèh, woes prapta
ing Djohalanang, Djéndral noelija oetoesan,

anerang kang tamtoe panggaeh, poenapa Djeng Sri Narèndra. (9) Kalamaen Sri Narapati, Djendral pan sowan prijangga, lamaen kitadja kemawon, mapan ngatoeran poenika, marang Klatèn kèwala, sabab sae enggènipoen, dados tanak kang bitjara. (10) Ki Modjo soegal naoeri, mring Kalatèn anèk apa, gelem-tan gelem akène, Djèndral mapan koela aendang, sabab sampoen djandjinja, Djadikrama dika matoer, jèn mekaten karep koela. (11) Djadikramo noeli bali, warti mring Djèndral kalih nja, moksih nèng Bojalali-dé, mangkana waes tan winarna, tamtoe wakil kèwola, Stewer malih laemakoe, lan Boenngali ketip iko. (12) Djan amaong wewoh satoenggil, Sarib kasan wastanira, papat kadji Solo mangké, lan wis binektan pratanda, namoeng etjap kèwola, kang Djèndral kalih poenikoe, katiga Radja Wolanda. (13) Sabab samangsané dadi, sabarang pataeranira, Stewer wineling baé, pan ladjeng kinèn naewoena, menggih ing kang nawala, serat parintah poenikoe, marma binektan pratanda. (14) Djadikrama noelijo warti, daemadeng kijai Modjo, jèn Djèndral-


p 297





wakil kĕmawan, namoeng poen moetlak poe-
nika, ki Modjo opan noelija, prèntah akar-
jo panikoe, pasanggrahan Djenoes ika.
(15) Bodé kinarja manggihi, pan sampoen soema-
dos dina, mangkana prapta mangsané, -
kijai Modjo opan noelija, pamit nring Sri-
Narèndra, lan Pangeran Bèhi ikoe, Pangeran
Ngabdoelkamit ika. (16) Goesti Imam Ba-
sah Kamil, lan Basah Doel moehiji ika. -
lawan Alibasah mangko, lagijo sakit mar-
manira, datan wanten poenika, mijang sa-
gaeng pra Dipatijèkoe, boedal saking Djaha-
lanang. (17) Pan antara prapta noeli, ing Dje-
noes kijai Modjo, mijang sagaeng prasiwa, ka-
bèh, ingkang sanija derèk ika, mangkana
kan antara, Stewer pan prapta sampoen, mijang
sagaeng sakantjanira. (18) Noelija tata leng-
gah sami, ri woes Stewer mawabda, kijai ka-
woela kinèngkèn, dateng Djèndral sakalih-
ijo, anoewoen kang parentah, lawan ngatoe-
aken sagaeng, poenika ing tanah Djawa.
(19) p298 Soemanggeng karsa Narpati, witan wangkid
Balambangan, kilèn ing Banten wangkide,
Djèndral pan sampoen soemangga, ing karsa

Sri Narendra, lawan Sala Ngajogjakoe, poenika inggih katoera. (20) Doemateng Sri Narapati, nging Djendral gadah paneda, namoeng tigang prakawise, ingkang roentijn poenika, lamoen pagaeng Walanda, kinen laemoet mandjing ikoe, Agama Islam sadaja. (21) Inggih den pilaoer mati, déné kaping kalihira, jèn pareng Kangdjeng Sang Katong, apan pasisir sadaja, dipoen soewoen poenika, ngadasé lir adatipoen, paos dateng Sri Naréndra. (22) Nenggih kaping tiganèki, jèn datan pareng poenika, namoeng Djendral panoewoené, tokteh kèngènga poenika, ngamboh ing tanah Djawa, namoeng noewoen dagangipoen, lawan koela sampoen bekda. (23) Apan kang pratanda sami, awarni etjap titiga, jèn sampoen pareng Sang Katong, ingkang panoewoen poenika, kinen ladjeng ngetjapa, toean Djendral préntahipoen, pan inggih dateng kawoela. (24) Ki Nodja soegol nahoeri, ikoe endi pasrahira, apan kabèh sajekti né, kagoengané Sri Narendra, iki ing tanah Djawa, ané déné Solo ikoe, apan kang poetra prijangga. (25) Ngajogjakang nagari, kang Sinoehoen Kangdjeng Soel-







tan, ana déné, Tala koewé, lamoen ora nikoe-
roeta, nring karsané kang rama, akoe baé jà-
wis ram poeng, amboebrah ing Soerakarta. (26) Ba-
lik pasrahija kang endi, jèn oepama wang-
tadahan, doeroeng ana koekoepané, tija ing-
p.299 pakolèh ira, Setèwer noelijo nabda, kijai koe-
la tan soemoeroep, ingkang dadi karep di-
ka. (27) Marma koela niki prapti, kinèng ken
Djèndral kalihnja, apan inggih masrahaké,
ing tanah Djàwa sadaja, apan sampoen soemang-
gà, nging Djèndral parèntahipoen, inggih doe-
mateng kawoela. (28) Apan kinèn neda jekti, ing-
kang parèntah Narèndra, Djèndral noeroet sa-
karsané pan amoeng panoewoenira, moengel-
ngadjeng poenika, poendi ingkang linilan i-
koe, soewawi dipoen dawoehna. (29) Marmané
koela kijai, binektan an tjap titiga, poendi
kang dados karsané, kang dinawoeh ken ka-
woela, ladjeng kinèn ngetjàpa, ki Yodjà soe-
gal soemaoer, heh Setèwer ija apa. (30) Ingkang
soen dawoehken iki, sira doeroeng pasrah ba-
dan, Setèwer alon atoeré, badan poenika poe-
napa, tan soemoeroep kawoela, kijai Yodjà
soemaoer, mengko soen soeroeh ken sira.

(31) Jèn woes èklas sira iki, noeli soen dawoehi sira, kang dadi karsa Sang Katong, lawan paren-tahing Qoer'an, Baengali Ketip njandak, toe-an pan èwet poenikoe, prajogi malih anerang. (32) Toean Djèndral Commissaris, kawoela adjrih poenika, Setèwer dinengerakė, mring Baenga-li Ketib ika, kagijo Setèwer nabda, kijai Pa-djo kepriběhipoen, moendoer kadjengé andika. (33) Pribadi kang dèn toerweti, ing ngadjeng waoe poenika, Djèndral dados panoewoené, dèn-lampoe tolm pes sadaja, inggih mangsa poe-roena, jèn dika prih Islam toehoe, ki Modjo soegal saoernjo. (34) Kang endi pratan iki, sira sagaeh noewoen karsa, Setèwer soegal saoerė, a-pan pasisir poenika, jèn marengi Narèndra, linados ken paasipoen, jèn marengi soemang-ga. (35) Moeng kènginga dagang iki, anenggih nèng tanah Djawa, ki Modjo bengis saoerė, da-dija aprang tanpa karja, jèn kaja karepira, tan paèdah ija ikoe, ngoekoep naelik njo pri-badi pribadijo. (36) Dèné Kangdjeng Sri Boe-pati, sajekti datan kagoengan, ijo soen pa-doekijė, pan melikė Sènapatija, Setèwer soegal nabda, jèn kadas makoten sampoen,

p. 300





dados dika ingkang karja. (37) Poenika sagoeng
papati, ing tanah Djawa sadaja, lawan kang
woetah getihé, pasti atempoeh andika, sa-
bab dika kang karja, ki Nadja bengis soema-
oer, sanadyan pada woetaha. (38) Pan getihé-
kantja mami, dadi djebat kastoerika, mati-
swarga ganadjarané, Setéwer asroe manabda,-
gih kijai kawoela, apan boten miloe-miloe,
lamoen kaja karep dika. (39) Pan wisoeh koela
kijai, anangging b mangsa badoha, noelijo pa-
mit sakantjané, Setéwer waes moendoer sigro,
saking Djenoet poenika, tan winarna prap-
tanipoen, kawarnoa kijai Nadja. (40) Boedal
saking Djenoet naeli, wangsoel dateng Djaha
lanang, mangkana wae Sang Katong, apan-
lenggah aneng séla, ngadjeng-adjeng ki Nadja.
samana pan prapta sampoen, ladjeng sowan
Sri Narendra. (41) Atan api Pangran Béhi, Pa-
ngran Ngabdoel Nakdjid ika, lan Basah Ngab-
doelkamilé Basah Kasanbesari ka, mijang Ngab-
doel Naekji Basah, lan kang prawira noenga-
naeng, Sri Narendra angandika. (42) Paran ing
p.301 Nlakaemiraki, ki Nadja mabaer niskara, lang-
koeng ngaengoen Sanga Katang, dangoe apan

tan ngandika, iwoes noelija atanja. marangkang paman Bèhi koe, oepami tinoetoetana. (43) Sedèwer paenika maksih, Pangran Ngabèhi atoernja, kados sampoen tebih Katang, watawisé lampahira, pan ladjeng sasanderan, kados sanget nabsoenipoen, Sri Narèndra angandika, (44) Kados lamoen napsoe iki, ki Modja kang kabrabèjan, kados paendi watawisé, poenapa tan madosana, Pangèran Behi tanja, doemateng ki Modjaikoe, kadas paendi kijai Modja. (45) Pandoené bèndjing-èndjing, poenapa tan dasengana, ki Modja mangkana toeré, inggih watawis kawoelo, kados boten paenika, poen lanat kapir poenikoe, moeng kantoen oengas kèwola. (46) Sanadijan poeraena malih, poen lanat toeloh paenika, mangsa koewasa mangké, mapan kantja Basah tiga, kang nindihi paenika, Sang Nata anoelija koendoer, èwa dateng kijai Modja. (47) Prapta pasanggrahanèki, noelija sarè Sri Narèndra, woes loewar mapan sagaengé, miring pandokan sawang-sawang, mangkana èndjingira, kapirtan medali Poepoeh, kijai Modja pan sangsaja. (48) Tekabaerira andadi, kadèjo woes karsaning Soeksma, pan datan kèngèng winaon, malah moloh

ing pangakoenira, apan amoeng pribadijā, mar-
mané lanang poenikoe, sagoeng Islam djoerit-
ira. (49) Pan saking pijanibakniki, sabab ing-
ngaken prijangga, lamoen sinijan Hijang-
manon, marma sareng slajanira, lan Pangran
p 302 Bèhi Tika, mijang sagoeng pra Dipatijèkoe, -
adjrih gesing nring ki Modjā. (50) Sareng wan-
tji asar iki, Patjalang atoer oeninga, jèn lanas
medali mangké, langkoeng goeppep toer woeni-
nga, dateng Sri Nara nata, ki Modjā waes ki-
nèn ikoe, parèntah magoeting joeda. (51) Na-
nging sagoeng pro Dipatejo, semoe gela kijos-
njo somijo, daemateng kijai Modjané, sabab
soedjārnjo ika, san ana ingkang njata, nging
adjrih nring Djeng ~~Soeltan~~ Sinoehoen, marma
kemba adjengira. (52) Samana lanat waes prap-
ki, pan sadjeng pinesaek joeda, marang ing Ba-
soh Padjangé, Kasan besari paenika, lawan sa-
kantjanira, nanging dèn nrijem ping teloe,
pradjoerit Padjang loemadjar. (53) Basoh ira kang
marahi, anggendring palajaenira, ngoeng si-
nring Basoh katijé, Bagelèn lawan Mota-
ram, lanat waes katadahan, pun sapih ka-
sapoet daloe, lanat mandak ~~samandak~~ ing

Kewidjan. (54) Basah kalih mondok sami, a-
ning Kedjamban poenika, lawan sagoeng pra-
djoerité, Basah Kasan besarika, kinèn baris-
nèng ngarsa, lan pradjoerit Sadjang sagoeng,
daloe sagah ngètjoe ika; (55) Ananging pan
dosan jekti, èndjing ladjeng tjampoeh joeda,-
ingkang dados pangadjengé, Mas Toemenggoeng
Soetajoeda, ing Kedjamban poenika, lawan Mas
Rangga poenikoe, ing ngoepit prawira sota.
(56) Lawan Mas Rangga poeniki, ing Goelang Djoja-
senbika, lan Mas Rangga Tegalané, Wijasentika
namanja, ladjeng kiwoeling joeda, samija tini-
lar lamajoe, sakawan kaladjeng samija. (57) Sepa-
ka ing sabil lolahi, lanat apan katah pedjah, ka-
dija woes karsaning manon, sinoeng pamelèh-
poenika, pan pradjoerit Mataram, lawan ing
Bagelèn ikoe, ing ngadjengken ara kena. (58) Apan
kedah maendoer sami, Srī Narèndra ing Nga-
soeran, pirsa mring kang raji mangké, Pang-
ngeran Ngabdoel Ma'djidika, lamoen pradjoe-
rit samija, lagija tan kenging ing ngadoe,
apan kedah maendoer samija, (59) Lawan nga-
soeri oedani, Mas Toemenggoeng Soetajoeda, lawan
Rangga kotigané, mapan prapta sabillolah,


p 303

langkoeng ngoengoen Narèndra, roemahos tampi pisikoe, dateng Rabaelalamina. (60) Sabab sing pitadjeng nèki, salaminja mring ki Radja, kalawan tinanding mangké, pradjoerit Islam lan lanas, kadijo tikel sakawan, dadéja angles tijos Sang Praboe, dangoe datan angandika. (61) Langkoeng adjrih mring Hijang Widdi, salaminjo wadijo Islam, datan mangkana perangé. prabanda dinaekan Soeksmo. Sang Nata ris ngandika mring Pangéran Doel ma'djid ikoe, hèh Ngabdoel ma'djid, ta sira. (62) Banaké kang pada sabil, kabèh sira gentèkena, adja awoh sadjengé. Djeng Pangéran matoer sandika, Sang Nata noelija boedal, saking Djohalanang ikoe, tan kantaen sabala kaeswa. (63) Pan koendoer Sri Narapati, mring Tajo-kindel sampoen prapta, kawarna lanas taeloh, mapan sareng oendoeripoen, lawan Kangdjeng Sri Narèndra. (64) Nenggih Pangéran Ngabdoel-ma'djid, kang tengga Padjang sadaja, ingkang kinarja kanding, Rahaden Rijo Sindoeredjo, sagoeng kang baris samija, sampoen manggèn parnahipoen, mangkana woes tan winarna. (65) Kawarnoha Sri Boepati, pinarak

aneng pandopa, lawan Djeng Panembahan, kijai Modja mainggèng ngarsa, lan Pangran Ngabehi, ka, Basah Ngabdoel Moehji ikoe, noewoen pamit nring Narendra. (66) Mantoek- nring Bagelen iki, sabab jèn tinilar lama, Bagelen sanget watesé, bok bilih bibrah manahnja, sagoeng pradjoerit samija, ki Modja namboengi woewoes, sarwi gaemoejoe poenika, (67) Hèh ta anak Ngabdoel moehji, dika koewatir nring désa, pan désa gampang kemawon, angèl wong nata agama, Basah aris toerira, mapan angèl nata doesoen, gampil anata agama. (68) Ki Modjå njentak sroe angling, daweg pada linintonan, dika nata agamané, kaela ingkang nata désa, Ngabdoel moehji saoernja, apan kaela dedé kaaem, sang saja srengen ki Modja.

(69) Soewawi Pangeran Bèhi, punapa lerep poenika, désa kalawan agamané, Pangeran Bèhi- ngandika, inggih pangrosa kaela, kijai gih pada poenikoe, nging béda kang doewé karja. (70) Dadija saja moering-moering, ki Modja sanès sampanja, jèn makaten tampa gawé, sagoenging kang prang poenika, mindak angsal doeraka, lamoen désa kang den rembag, mè-

p. 304





sem Kangdjeng Sri Narèndra. (71) Noelija angandika aris, ikoe pada tanpa karja, mangkéné ikoe, roeroepé, lamoen badan tanpo njawa, opa arané ika, njawa lamoen tan kadoeloe, ora njata roepanira. (72) Apan noelija kendel pami, Basah Ngabdoelkhobiji ika, woes binilan mantoek agé, nring Bagelèn lèng sir noelija, saking ngarsa Narèndra, tan winarna proptanipoen, mangkana Djeng Sri Narèndra. (73) Kadijo woes karsaning Widdi, lineboer ingkang poesaka, tiga karsa njo Sang Katang, dinadosoken sadjoega, nenggih ki Taroetama, lan ki Baroektoeba ikoe, tiga kijai Abiddjaja. (74) Kijai Baroetoba iki, Seh Moechamad Ngali-Basah, Ngoesman kang pinaréngaké, nenggih kijai Tarotama, Kangdjeng Ratoe paminka, kijai Abitdjajo ikoe, mapan agemnjo pribadéjo. (75) Ajoen matoer samija adjrih, Bagèlèn ingkang winarna; Pangran Dipanagarané, ingkang garwa nandang gerah, langkoeng sanget poenika, kinaendoerken nring Madaroem, ing Toja kèndel woes propta. (74) Apan dadas sédanèki, tinarèkken ing Djimatan, dadija ingkang roka mangké, Pangéran Dipanagara,

p. 305

[mistake [illegible]]


mapan kinèn wangsul malih, mring pagelen
dereng karsa, pan mèksih bangkung, ing
Tjosé, Pangéran Dipanegara, wahu dateng kang
garwa, mangkana wus, tan tjinatur, kangdjeng [ ...



waoe daoenateng kang garwa. mangkana waoes
tan tjinatoer, Kangdjeng Ratoe kang winarna.
(76) Dan lagija babad niem iki, sampoen karsaning
Hijang Soeksma, mapan ladjeng gerah mangké,
sanget apan tan katara, nanging ingkang sa-
rira, apan sanget risakipoen, nging tan soeda
ngibadahnja. (77) Mangkana welas ningali, Kang-
djeng Ratoe mring kang roka, ing ngatoeran
ingkang mangké, mring tilaran nja kang pu-
man, Pangéran Dipajana. Raden Ajoe Retna-
ningzoem, pinaring nama poenika. (78) Nanging
ingkang lijas Narpati, apan tan marem poe-
nika, ladjeng akarja panepèn, kinarja pangi-
poer brangta, ning daerah Mataraman, kinan-
tha padépokanipoen, lir pratapaning Pandi-
ta. (79) Sasengkeran warni-warni, mawi langgar
alitika, mapan kinaebengan lèpèn, aning ngè-
rèng-èrèng ngarga, tan mawi kalangenan, neng-
gih kang pakau si, perkoeboen, déné kang dé-
rik poenika. (80) Namoeng poenakawan alit, ing-
kang ngladosi poenika, jèn Djoemoeah koendoer
Katang, marang Tajokèndel salat, jèn waes bak-
da Djoemoeah, ladjeng sinéwa poenika, saba-
rang patoeran soemija. (81) Dan poenika wektoe-

[margin: 75 omitted > Ratu kang winarni] [margin: p306]







niki, kaboer uja maring Sri Narèndra, jèn sampoen
gija koendoer manèh, Sang Nata maring Mataram-
an, mapan salamimira, nèng Tajakendèl poeni-
koe, lawan Kangdjeng Ratoe gerah. (82) Ing Pa-
djang ingkang winarni, Basah Kasan besarika,
apan asring saelajané, lawan bantoe ing Mata-
ram, miwah Kangdjeng Pangéran, Ngabdoel-
Ma'djid lir poenikoe, dadija koendoer Djeng
Pangéran. (83) Doemateng Mataram iki, na-
moeng kantoen Raden Rija, Sindoerdja tinilar
dewé, sampoen katoer maring Narèndra, noelija
kinèn mariksa, namoeng ngaso atoeripoen -
mapan tan arsa baloka. (84) Mangkana ki Ma-
dja iki, mapan asring winadoelan, jèn bantoe
Mataram kèkhèr, déné kang marahi ika, inggih
Tjokranagara, kang kilèn miwah kidoel, Toe-
menggoeng Djajawinata. (85) Dadija langkoeng
watir nèki, ki Madja maring kakangira, Basah
Kasan besariné, mapan sering dèn ajak-ajak,
jèn bantoe dèreng prapta, lawan sangeti-
simpoen, adjrih marang Sri Narèndra. (86) Sabab
sampoen kathah iki, kaladjeng soesoembari-
p.307 ra, naelija Tjokranagarané, ing ngoendang-
pan sampoen prapta, ngadjengira ki Madjo,

noelija tinakènan, ikoe, hèh dika Tjòkranagara. (87) Poepoeh sing kèthèr nèki, lamoen gilir marang Padjang, dadi marahi kang akèh, jèn dika tan gelem ija, angoer dika sèlèha koela bisa galèh liroe, enggih wong kang kaja dika. (88) Tjòkranagara nahoeri, poenika wanten poenapa, dèné lampah mangkè, apan inggih datan èwah, kadijo kantja sadaja, lamoen dangoe pados tangoe, kijai boten inggihija. (90) Ki Wadja nabda abengis, hèh ta ki Tjòkranagara, namoeng karja sarat baé, kalamoen, prapta ing Padjang, dika bandjoer oempetan, tan wani katemoe maning toeh, gaemoeéjoe Tjòkranagara. (91) Gih jèktos Kangdjeng kijai, sinten ingkang poeroen pedjah, nanging koela tanistoené, loemampah gilir poenika, lawan kantja sadaja, karsanipun ingkang Sinoehoen, maung karja bantoe kèwala. (92) Dené kang koela bantoni, pradjoerit Padjang poenika, nging tanwanten pradjoeritè, wikatan kinarja banda, inggih sinten poeroena, roemijin daek anjaripaen, inggih ing Padjang poenika. (93) Pan sagoeng kantja Boepati, kang samija gilir poenika, mapan aprang sajèktosé, pan sineng-






gaeh, dados banda, lir Bagelèn paenika, wekasan mindak paenikoe, kantja kang kinarja banda. (94) Dadéja gela tijas nja tami, nanging ing adjrih jèn matoera, ing mangké kapareng jektos, tampéjan daeka paenika, kawaela langkoeng lega, nadijan katoer Djeng Sinoehoen, kawaela inggih soemangga. (95) Sampéjan arsa mantoeni, inggih daemateng kawoela, paendi warniné tijangé, ingkang tami lan kawaela, apan arsa waeninga, ki Nadja asroe amoewoes, hèh dika Tjakranagara. (95) Dadi paen kan arep jekté, anaeroes mring printah kawoela Tjakranagara saoeré, jèn ingkang leres andika, lawan keranging karsa, sampaen sakit nadijan lampaes, kawaela inggih soemangga.

p.308

(96) Ing tiang kalawan Rabri, soemaos karsa Naréndra, tan moelat marang lijané, semoe itin kijai Nadja, mring ki Tjakranagara, mangkana woes tan winaewaes, èndjing malih kang winarna. (97) Kijai Nadja ing tijas nèki, tangsaja maering-maeringnja, tambaeh kang dadi napsoe nèki, samana apan lenggahan, lawan kang pra Ngoelanja, Kadji lawan sarip ikoe, Pangran Ngabèhi ngalaeran. (98) Pinarak


doematèng Masdjid, sampoen rawoeh Kangdjèng
Pangran, ki Madja aris atoeré, mapan kawoela
Pangéran, arsa sowan Narèndra, ngatoerken
adjaring ngèlmoe, inggih lampahing nagara;
(99) Roemijin Alam Djeng Nabi, pan sanajan moe-
djoed sadaja, ing Demak makaten manèh,
poenika kadjèng kawoela, badé matoer Na-
rèndra, njoewoen karsa kang satoehoe, kan-
tenané kang pakarja. (100) Pangran Ngabèhi -
nabda ris, poenikoe karja poenapa, koela tan
wikan jèktosé, déné karsané Narèndra, poen
pradjaja sadaja, mring kijai salaminipoen,
dasar pirsa napa-napa. (101) Kijai Madja sa-
oernèki, Pangéran bebing wisésa, Sri Narèn-
dra sadajané, sadaja wakil kéwala, inggih ka- p.309
djèng kawoela, noewoen pandoeman satoehoe,
wisésa salah satoenggal. (102) Kantenané gèn
ngampahi, dados boten kéjan ika, sabab -
sampoen gadahané, jèn Sang Nata sampoen
rila, ingkang salah satoenggal, Pangran -
Bèhi nabda roem, kijai tan sarmoeroep koe-
la. (103) Alapa karja sawidji, déné kabèh wan-
ten dika, Sang Nata barang karsané, ki Ma-
dja pan saoeripoen, inggih leres poenika, -





apan darmi oetoen, koela tan gadah wisésa.
(104) Makaten Pangéran Bèhi, oedjaring ngèlmoe
poenika, kagoenganira Hjang Manon, saka-
wan kang wonten donja, poenika apan samijo,
pinaring wisésa ikoe, pakarjanira pribadija.
(105) Apan tan dadas satoenggal, Ratoe Wali lan
Pandita, Moekmin koping sakatahé, poenika
kadjeng kawoela, kang poendi kinarsanan, kang
salah satoenggalipoen, lan poendi kang pina-
ringna. (106) Kantenan gènnja nglam pahi, ing-
kang manah baten geta lamoen sampoen
gadah ané, Pangran Bèhi ngandika, jèn kaja
makatena, kaja kang kalakon ikoe, tan pé-
dah rinebaet joeda.- (107) Datan woeroeng nikoe
béndjing, papat ngakoe Ratoe samija, angaer
laja kang kalakon, namoeng kéloe Ratoeni-
ra, sawidji kang misésa, jèn kaja makaten
nikoe, dadi sajo baten kasa. (108) Kijai koela
pan wedi, jèn miloe-miloe poenika, nijang
sagoeng Ngoelama kabèh, tinataen samija a-
toernja, apan adjrih sadaja, nanging anak moe-
ridtpoen, ki Madja kèndel sadaja. (109) Wanten
ngoelami sawidji, Séh Baelawi namanira-
p 310 apan mangkana atoeré, kijai pangraos ka-

woela, sampoen leres poenika, inggih lawan-
ngèlminipoen, lamoen wakil-winakilan.
(110) Nanging woedjoednja satoenggil, ingkang djoe-
meneng wisesa, kang rinilan mring Hjang ma-
non, lamoen boten makatena, apan tan wandé
oera, tan djoemeneng Kratan tachoe, ki Hodja
bengis saoernja. (111) Jèn mangkana Sèh Boelawi,
arep anggenteni mring wang, adjrih Sèh Boelawi
mangké, pan ladjeng kendèl kewala, tan dae-
moegi atoernja, dadija samija adjrih sagoeng,
Ngoelama Sarib Kadji uja. (112) Dadija samija a-
toer niki, pan amoeng adjrih kéwala, apan noe-
lija boebar mangké, mring parnahé sowang-
sowang, kawarna kijai Hodja, dadija sanget
isinipoen, kalamoen tan kalakona. (113) Ingkang
dadija kadjeng niki, ing daloe tan saged nen-
dra, mangkana sareng èndjingé, ki Hodja ing
kadjengira, sowan Sri Nara Nata, daemoegèk-
ken kadjengipoen, mampir dateng Pangabéhan.
(114) Samana Pangéran Bèhi, pan noedjoe leng-
gah pandopa, ki Hodja prapta doemrodjog,
ri sampoen lenggah atata, ki Hodja aris-
nabda, ~~Pangéran~~ pangèn sowawi ikoe, sa-
~~modra~~ mija sowan mring Narèndra. (115) Pa-






ngèran Bèhi nabda ris, jaen sowan wonten
poenapa, kijai Modja saoeri, pan inggih ka-
djeng kawoela, daimaegèken poenika, ing-
wingi oedjaring ngèlmoe, arsa kawoela atoer-
na. (116) Dateng Kangdjeng Sri Boepati Pa-
ngèran Bèhi ngandika, kijai ing wingi moe-
lani, pan sampoen adjrih kawoela, molah
lamoen kenaha, sampoen daimaegekken
atoer, manawi ongsal daedaeka. (117) Taer mang-
p. 311 sa angsala ‖ iki, maendak karja kadijat ika,
kijai Modja saoeri, dinoekan kenging poena-
pa, wong matoer saleresnja. (118) Sampoen leres
ngèlmoe niki, inggih pan mangsa sanèsé, sa-
nadijan Kangdjeng Sang Katong, pan ing-
gih mangsa kilapa, menggah raos poenika,
ki Modja madjar besengaet, gih sampoen koela
pribadijo. (119) Ingkang sowan nring Sang A-
dji, Pangèran Bèhi ngandika, apan soemang-
ga kèmawan, jèn kenging pan koela pirma-
nawi dados doeka, ki Modja naelija loemokoe,
lan mangsana oedjarira. (120) Gih sampoen
koela pribadi, Pangèran mapan bebegdjan,
kawarnaa Sang Ngakatang, apan lagija nga-
os Qoer'an, ning serambining langgar, ing.

kang winadja pinoedjoe, amaoengi soerat rach-
man. (121) Ingkang samija sowan iki, sagoeng
poenokawan ika, alit-alit sanjija ander, -
aneng panepèn Ngataraman, ki Modja noel-
lija prapta, kèndel nèng pasowan ikoe, poe-
nokawan toer oeninga. (122) Lamoen kijai -
Modja prapti, anoewoen sowan poenika, semoe
kagèt Sang Ngakatang, tinarka wonten pra-
kara, kèndel pamaasira, nging Qoer'an mok-
sih nèng ngajoen, ki Modja gija ing ngandi-
kan. (123) Wus prapta ngarsa Narpati, Sri Na-
rèndra angandika, sira prapta pa karjané ki
Modja aris atoernja, inggih tan wonten karja,
ingkang saking lijanipoen, maoeng karja ham-
ba pribadija. (124) Ngatoer ken lampahing -
ngèlmi, sagoeng pratingkah poenika, ka-
woela mator sajèktos, te menggah lam-
pahing Agama, apan mawi wangkidan,
kang gadah karja poenikoe, mrih sami san-
tosanira. (125) Apan noegrahaning Widdi kang
linahir ken nèng dannja, lawan prakawis
katohé déné warniné poenika, Ratoe lawan
Olija, Pandita Moekmin satoehoe, poenika
kang sinoeng karja; (126) Pan inggih dateng

p. 312








Hjang Widdi, tan kinging lintoe pakarja,-
lawan sami wisesésané, soemangga toean, moen-
doeta ingkang salah satoenggal, jèn Padoeka
milih Ratoe, tan amoeng Ratoe kéwola.
(127) Wali Pandita nijang Moekmin, soewawi toean
miliha, poendi kang kinarsakaké, kantenan
manah kawoela, lan toean ngandikaa, kang
tan kinarsakken ikoe, pasraha dateng ka-
woela. (128) Mangkana karsaning Widdi, Kang-
djeng Pangran doek mijarsa, marang ki Ma-
dja ataeré, djadjà bang mawinga-winga, apan
asroe ngandika, hèh iki dingin sirèkoe, doek
ngoedjap koewanènira. (129) Ora kang kaelan
mring mami, marang Ngabdoel sira, dadi iki
wahanané ingsoen weroeh karep ira, apan dja-
wisésa, kaja Soenan Giri ikoe, dadi ingsoen-
sira karja. (130) Kaja Soeltan Demak dingin,
ingsoen daedoe moeridira, kalawan ija ma-
ringé, ija ingsoen ara ngrasa, sira bakalé
ika, doek doeraeng ana sirékoe, lawan ing-
soen woes kinarja. (131) Marang ing raboel nga-
lamin, sira anglahirken ija, kalawan ngoe-
lama kabèh, pandoe-doe sira pribadèja,
lawan soen dingin ija, owèh wenang mring

sirèkoe, prakara printahing Qoer'an. (132) Saba-
rang parèntah niki, sira soen lilani ija, la-
moen matoera maring ngang, soen daoega sa-
lamet sira, apan ingsoen kanjana, lamoen -
mangkana karepanae, lawan mantoegé ki-
Modja. (133) Ingsoen kan angrasa jekti, lamoen
dadi karjanira, apa tekaboernoe kaewé, ing-
kang bakal dadi banda, toemaengkoel kjai
Modja, mapan kan saged hoemaboer, lang-
koeng ing kadoewoengira. (134) Sang Nata ngan
dika malih, ngèlmoe ingkang sira karja, am-
poengan karepmoe kaewé, apan saroepaning
Djama, iki pan pinaringan, marang Alah
ingkang Agoeng, lah mara manèh matoera.
(135) Ki Modja sanget dèn nja djrih, kan saged -
malih matoera, noelija kinèn mantoek agé, -
(136) Kangdjeng Soeltan marang langgar, langkoeng
tjoewa kijas Nata, daemaleng ki Modja ikoe, a-
pan sanget kan sambada. (136) Kadjengnja kan
jëktinèki, mangkana kjahi Modja, mantoek
woes prapta wismané, langkoeng sanget djrih
wirang nja, kanangan kadjengira, Panembahan
kang winoewoes, apan lagija lelenggahan. -
(137) Kalawan Pangéran Bèhi, Radèn Rija Nata-

p 313

kalawan





Redja, inggih sowan ning ngarsané, mapan
aneng ing Pandapa, dangoe marang ki Madja,
kang dados panoewoenipoen, hoematoer Ra-
dèn Rija. (138) Woes matoer niskaranèki, mèsem
Kangdjeng Panembahan, déné teka kaja ra-
ré, Djeng Soeltan dèn wedènika, ngèlmoe
mangsa kilapa, Pangéran Bèhi hoematoer,
pan boten kirang kawoela. (139) Pan roemijin
doek timari, pan boten rembag kawoela, da-
teng timadja kadjengé, nanging ngoelami
sadaja, tinantoen opan samija, anglir koe-
la kadjengipoen, kang poeroen paben satoeng-
gal. (140) Sèh Baelawi ladjeng iki, tinarka jèn
gentosana, mila samija kendel mawan, sa-
goeng kang para Ngoelama, doek harsa sa-
p 314 wanèra, mring Matawisan pamikoe, mampir da-
teng wisma koela. (141) Ngadjak sowan mring
Narpati, koela dipoen kèn matoera, nging
koela pambeng kadjengé, pan ladjeng sowan
pribadija, mangkana kang winarna, pan dè-
rèng daemoegi ikoe, kijai Madja noelija prop-
ta. (142) Semoe sanget soesah nèki, riwoes-
kata samija lenggah, ki Madja hoematoer
alon, dateng Kangdjeng Panembahan, la-

wan Pangran Bèhi ka, ngatoeran noewoen ken-
ikoe, ngapoenten dateng Sang Nata.[143] Sa-
bab sagoeng pra Dipati, sareng sanija mijar-
sa warta, ki Modjo dinoekan Kotang, sanija
soeda adjrihira, waoe dateng ki Modjo, da-
dya sanget atoeripoen, nalangsa noewoen nga-
poera.[144] Panembahan wlatinggalih, waoe doe-
mateng ki Modjo, lawan Pangran Ngabèhiné,
pan noelija den irid ika, sowan nring Mata-
raman, samana ingkang Sinoehoen, apan-
lagija maos kitab.[145] Nèng Serambi langgar
iki, nasikan toel moeloek ika, Panembahan
ing praptané, lan Pangéran Bèhi ka, ki Mo-
djo kantoen djaba, oèng pasowanan ikoe,
ri-woes tata lenggah sanija.[146] Nèng Serambi
langgar iki, Panembahan ris atoernja, Soef-
tan marma séba ingang, jen maringi kar-
sara, noewoen aké ngapoera, marang kijai
Modjo ingsoen, toeloesa dadi kantinja.

Sambetipoen djilid II.

Dae





p.15
STANZA 14
CANTO 15

# END NOTES

p.15
STANZA 14
CANTO 15


Mangkana Pangran Dipati, wus sing ngiden nring kang rama, kinen manggihi Djendral lan wus tělas weling ngira, nuya lengser sing ngarsa, lawan Mester kalih;pun, lan sagung putra santana.






































colorchecker
mm

